ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№129 (24.411) • 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 29, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

**Емуз А. Гъу. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр лъапIэр фIэщыным и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэм зегъэужьыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр фIэщын **Емуз Анатолий Гъузер и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэлбахъуэ Т. Къу. и цIэр зезыхьэ и къэрал лъэпкъ библиотекэ» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и унафэщIым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ** **КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2022 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м*
*№109- УГ*

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ*

# Тхылъыншэу лажьэхэм я Iуэху зэхагъэкI

**Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм тхылъыншэу щылажьэхэм я бжыгъэр къэгъэнэIуэнымрэ хэгъэщIынымрэ теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ Чайкэ Юрий. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым, Чайкэ Юрий къыхигъэщащ хуитыныгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ ямыIэу лэжьапIэ Iутхэм я бжыгъэр гъэбелджылынымрэ ахэр хабзэм къезэгъ зэгурыIуэныгъэкIэ лэжьапIэ гъэувынымрэ зэрекIуэкIыр нэIэм щIэгъэувэн зэрыхуейр.

Къапщтэмэ, зэIущIэм щагъэлъэгъуа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ, тхылъыншэу лажьэхэм я бжыгъэр хуэди 2,9-кIэ хэхъуащ 2022 гъэр къызэрихьэрэ.

Чайкэ Юрий зэрыжиIамкIэ, зытепсэлъыхьа IуэхумкIэ комиссэм и лэжыгъэр зыхуэунэтIауэ щытынур цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр, лэжьэнымкIэ я хуитыныгъэхэр къагъэсэбэпыныр егъэфIэкIуэнырщ. Абы папщIэ гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэри къыхагъэщхьэхукIащ.

ВидеозэIущIэм хэтащ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Мухтияровэ Еленэ, УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кикоть Андрей, щIыналъэ унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

# ЩIыналъэ нэхъыфIхэр ягъэпажэ

**Иджыблагъэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ 2021 гъэм къалэ округхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я администрацэхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр къызэрапщытэжам кърикIуахэм. ЗэIущIэм къыщаIэтащ муниципалитетхэм я зэфIэкIым хэгъэхъуэным, ахэр къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм зэрадэлажьэм зегъэужьыным пыщIа Iуэхухэр.**



КIУЭКIУЭ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ Урысейм и Президентым къыдигъэкIауэ щыта указым ипкъ иткIэ муниципалитетхэм я администрацэхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр гъэ къэс къызэрапщытэр. «Урысей Федерацэм и Президентым иубзыхуа лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм къалэн инхэр я пщэ къыдохуэ. Муниципалитетхэрщ къызэрыгуэкI цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъу дыдэр икIи ахэрщ цIыхубэм я гурыщIэхэм нэхъ щыгъуазэр. Муниципалитетхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ хэхахэр зэрызэпкърахым Iэмал къыдет а IэнатIэм и зэфIэкIхэр здынэсри ар зыхунэмысауэ къанэхэри нэрылъагъу тщыхъунымкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым гурыIуэгъуэу щаубзыхуащ муниципалитетхэм я лэжьыгъэр къызэрапщытэр икIи пашэхэм грантхэр зэрырат хабзэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ахъшэр къызэрыдэмэщIэкIым къыхэкIыу зэман кIыхькIэ муниципалитетхэм грантхэр яхухэдмыхыу екIуэкIащ. А Iуэхум дэ 2019 гъэм къытедгъэззэжащ. Иджы, илъэсищым зэфIагъэкIахэм япкъ иткIэ ягъэбелджылащ нэхъыфI дыдэу лэжьа муниципалитетхэр. Зи гугъу тщIы Iэмалыр хэкIыпIэшхуэщ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ. Грантхэм япкъ иткIэ хухах ахъшэр муниципалитетхэм езыхэр зыхуей-зыхуэфIхэм трагъэкIуэдэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек икIи муниципалитетхэр грантхэм япкъ иткIэ тегъэгушхуэнымкIэ лэжьыгъэхэм зэрыпащэнур къигъэлъэгъуащ.

Республикэм и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, а Iуэхум трагъэкIуэдэн папщIэ щIыналъэ бюджетым щыщу сом мелуан 15 хухахащ. КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ муниципалитетхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм и фIагъыр къыщапщытэжкIэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр къызэрагъэсэбэпым, апхуэдэу цIыхухэм администрацэхэр зэрапыщIар къалъытэн хуейуэ къызэрилъытэр жиIащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм администрацэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIагъыр къыщипщытэжым, нэхъ япэкIи зэращIауэ, гъащIэм и IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ехьэлIа Iуэхугъуэу 41-рэ къилъытащ. Абы папщIэ, яIэ зэфIэкIхэр зыхуэдизым тещIыхьауэ, муниципалитетхэр гупищу ягуэшащ. Япэ гупым Налшык, Прохладнэ, Бахъсэн къалэ округхэр, етIуанэм - Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэр, ещанэм - Аруан, Прохладнэ, Бахъсэн, Лэскэн, Май, Тэрч муниципальнэ районхэр хагъэхьащ.

Япэ гупым япэ увыпIэр Налшык къалэ округым, ЕтIуанэр - Бахъсэн къалэ округым щаубыдащ. ЕтIуанэ гупым япэ увыпIэр Шэджэм муниципальнэ районым, етIуанэр - Шэрэдж муниципальнэ районым щаубыдащ. Ещанэ гупым щыщу япэ увыпIэр Аруан муниципальнэ районым, етIуанэр - Бахъсэн муниципальнэ районым хуагъэфэщащ.

Пэрыт увыпIэхэр къэзыхьа муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм КIуэкIуэ Казбек дипломхэр яритащ.

Апхуэдэу зэIущIэм я цIэ къыщраIуащ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ субъект псоми я экономикэ зыужьыныгъэм и лъабжьэу щыт IэнатIэхэм - мэкъумэш хозяйствэмрэ гъуэгу ухуэныгъэмкIэ программэхэр гъэзэщIэным нэхъ жыджэру хэта муниципалитетхэм. 2022 гъэри хэту, иужьрей илъэсищым къриубыдэу мэкъумэш IэнатIэм федеральнэ, республикэ бюджетхэм я ахъшэу сом меларди 7-м щIигъу хухахащ. 2021 - 2022 гъэхэм щIыпIэ мыхьэнэ зиIэ гъуэгухэм зрагъэужьын папщIэ къыхуаутIыпща субсидиехэр сом меларди 2-м щIегъу. Мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымкIэ нэхъ зэфIэкIышхуэ къагъэлъэгъуащ Шэджэм, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ муниципальнэ районхэм. Гъуэгухэр ухуэнымкIэ нэхъ пашэхэм ящыщщ Налшык къалэ округыр, Май, Тэрч, Iуащхьэмахуэ районхэр.

Республикэм и Iэтащхьэм хэхауэ жиIащ иджыпсту дзэ Iуэху щхьэхуэм хэт зауэлIхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъуныр щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ гъэзэщIакIуэ органхэм я унафэщIхэм я къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. «ЩIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ мобилизацэм ипкъ иткIэ дзэм яшахэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным и лъэныкъуэкIэ. Шэч къытесхьэркъым абыхэм а Iуэхум дяпэкIи тэмэму зэрыпащэнум. Аращ иджыпсту нэхъыщхьэ дыдэр», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ муниципальнэ администрацэхэм я лэжьыгъэм и фIагъыр къэпщытэныр унафэ щIыкIэм и Iэмал лъэщу зэрыщытыр. Ди унафэщIхэм тэмэму къагурыIуэу щытын хуейщ абыхэм я лэжьэкIэр къызэрапщытэ щIыкIэр. 2023 гъэм дэ къытпэщытщ щIыналъэм унафэхэр зэрыщагъэзащIэр нэрылъагъуу едгъэфIэкIуэну икIи а къалэным дызэрыпэлъэщым елъытауэ щытынущ ди цIыхухэм я псэукIэм адэкIи зэрызиужьынур. Дэ нэхъри нэхъ дегугъуу Iуэхум дыпэрытын хуейщ санкцэхэм я лъэныкъуэкIэ къухьэпIэ къэралхэм ткIийуэ къыщыттракъузэ иджырей зэманым», - къыхигъэщхьэхукIащ зэIущIэр щызэхуищIыжым КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, абы и япэ къуэдзэхэу **Говоров Сергей**, **Къуныжь МуIэед**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, министрхэр, КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**, «КъБР-м и Муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» Ассоциацэм и правленэм и тхьэмадэ **Пэнагуэ Максим**, КъБР-м и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Аминат**, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

# ЩIалэгъуалэм зрагъэужьын, ядэIэпыкъун мурадкIэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ЩIалэгъуалэхэм я IуэхухэмкIэ министр Лу Азэмэтрэ иджыблагъэ зэхуэзащ.**

АХЭР тепсэлъыхьащ УФ-м и щIыналъэхэм щIалэгъуалэ политикэм зыщегъэужьынымкIэ «Регион для молодых» урысейпсо зэпеуэм кърикIуахэм. А зэпеуэм щытхъушхуэ яIэу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа гупыр. Абы къыпэкIуаращи республикэм щIалэгъуалэм щыхуащI гульытэр нэхъри ирагъэфIэкIуэн папщIэ, 2023 гъэм федеральнэ ахъшэу сом мелуани 146,6-рэ къратынущ.

Лу Азэмэт зэрыжиIамкIэ, щIалэгъуалэм я мурадхэр щыпхагъэкIын, щагъэзэщIэн Iуэхущlапlэ щхьэхуэ яIэнущ, зыхуеину псомкIи къызэгъэпэщауэ.

Ар сэбэп хъунущ щIыналъэ щIалэгъуалэм и процент 60-р социально-экономикэ Iуэхухэм дегъэхьэхынымкIэ. Псалъэм папщIэ, я къэхутэныгъэхэмрэ Iуэхугъуэщlэхэмрэ утыку къыщрахьэ, абы хуэфащэ мылъку сагъэтхэр къыщахь зэпеуэхэр щрагъэкlуэкI, чэнджэщ къыщрат, хэкупсэу щагъасэ, я зэфIэкIым зыщрагъэужь. ЗыгъэпсэхупIэкIэ зэщIэузэда щIалэгъуалэ Iуэхущlапlэхэр 2023 гъэм щаухуэнущ Налшык, Къэщкъэтау, Нарткъалэ.

КъищынэмыщIауэ, зи Iуэху хуэмыщIахэм щадэлажьэ, ахэр хьэрычэтым щытрагъэгушхуэ, я щIэныгъэм щыхагъахъуэ, сабий, ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэхэм зыщрагъэужь, къуажэдэсхэм щадэлажьэ дауэдапщэ 35-рэ зэфIахынущ. Ахэр ягъэпсын ипэ къихуэу, езы ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ яхэупщIыхьынущ нэхъ зыхуэныкъуэу, гъэщIэгъуэну къалъытэмкIэ.

«А Iуэхухэм нэхъыбэ щыгъэгъуэзэным, нэхъри зегъэубгъуным гульытэ хуэщIыпхъэщ», - къыхигъэщащ КIуэкIуэм. Республикэм и Iэтащхьэм министрым унафэ хуищIащ Урысей щIалэгъуалэм нэхъыбэу ядэлэжьэну, а Iуэхум щIыналъэ министерствэхэмрэ щIыпIэ самоуправленэхэмрэ къыхашэну.

## КъБР-м и Iэтащхьэр хуэзащ Къэрал казначействэм и унафэщIым и къуэдзэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ УФ-м и Къэрал казначействэм и унафэщIым и къуэдзэ Михайлик Александр.**

КЪУЛЫКЪУЩIЭР щIыналъэм къеблэгъащ Къэрал казначействэм и къудамэхэу Кавказ-Ищхъэрэ щIыналъэ округым щыIэ финанс-экономикэ Iуэхущlапlэхэр Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ я зэпеуэм и 2-нэ Iыхьэм хэтын папщIэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэ властым и гъэзэщIакIуэ Iуэхущlапlэхэмрэ Къэрал казначействэмрэ, абы и щIыналъэ къудамэхэмрэ зэрызэдэлажьэм. Къэрал казначействэм и управленэм КъБР-м щигъэзащIэ лэжьыгъэр къыщаIэтащ зэIущIэм. Ягъэбелджылащ япэ игъэщыпхъэри – республикэм и мылъкур зэрызэрагъэзахуэм зэрыкIэлъыплъ Iэмалхэр бжыгъэ мардэхэм игъэувэн зэрыхуейм.

# УсакIуэшхуэр ягу къагъэкIыжу



**Адыгэ литературэм и классик, усакIуэ икIи тхакIуэ, егъэджакIуэ ЩоджэнцIыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 122-рэ зэрырикъум теухуа пэкIу дыгъуасэ екIуэкIащ. Ар къыщызэрагъэпэщащ усакIуэшхуэм и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и пщIантIэм дэт и фэеплъым деж.**

КЪБР-М щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин и псалъэм къыхигъэщащ ЩоджэнцIыкIу Алий куэд къимыгъэщIами, адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, лъэпкъым къытхуигъэна щIэинхэр зэрызэIэпахыр.

- Лъэпкъ литературэм зезыгъэужьа ЩоджэнцIыкIу Алий и тхыгъэхэр ноби щIэщыгъуэщ. Зи лэжьыгъэхэр зэIэпытх, зи гъащIэмрэ зи гуащIэмрэ щIэблэм ядж ЩоджэнцIыкIу Алий и щIэинхэр иджырей тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я щапхъэщ, - жиIащ министрым.

ПэкIум къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ урыс усакIуэхэм я усэ гъэпсыкIэм яжь къыщIихуами, Алий лъэпкъ усэ гъэпсыкIэр ихъумэн, абы зригъэужьын зэрыхузэфIэкIар. Алий къыщIэнащ адыгэ литературэм и курых хъуа, усэбзэкIэ итха «Къамботрэ Лацэрэ» романыр, поэмэхэр, усэхэр, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Горький Максим, нэгъуэщIхэми я тхыгъэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIахэр. ГъащIэ мащIэ зыхуиуха, зэман гугъум хиубыда Алий уэсят пэлъытэу итха «Налшык» усэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ. Курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж ЩоджэнцIыкIум хьэрыпыбзэр, тыркубзэр, франджыбзэр, эсперантэр ищIэрт. Зи ныбжьыр илъэс 17-м иту лъэпкъ литературэм лъэ быдэкIэ хыхьа ЩоджэнцIыкIу Алий и лэжьыгъэхэр щIэныгъэлIхэм нэсу къахутэну иджыри хунэсакъым. 1941 гъэм усакIуэшхуэр зэуапIэм кIуа нэужь гъэру яубыдащ икIи зауэм и япэ бжьыхьэм Бобруйск щыIэ концлагерым ихуащ, аращ щылIари.

ЩоджэнцIыкIу Алий и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Налшык къалэм и курыт еджапIэхэм я еджакIуэхэр Алий и усэхэм къеджащ. ПэкIум хэтащ лъэпкъ интеллигенцэр, усакIуэм и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэр, студентхэр, еджакIуэхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● КъБР-м и Парламентым



# Хамэ къэрал къикIхэр зэрагъэлэжьэну щIыкIэр

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ зи чэзу зэIущIэр жэпуэгъуэм и 27-м иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и сенатор Ульбашев Мухьэрбий, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Парламентымрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ, депутатхэр.**

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхилъхьауэ, КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и унафэщI къулыкъум ягъэуващ КIасэ Динэ. ЗэIущIэм щыхахащ зэзыгъэкIуж хеящIэхэм я къулыкъур зыхуагъэфащэхэри: Шэджэм районым и суд IуэхущIапIэ №2-м ягъэуващ Туменов Заур, Май районым и суд IуэхущIапIэ №1-м - Шунгаров Шамил.

Депутатхэр арэзы техъуащ КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм щигъэзащIэ къалэныр щхьэщахыну Къудей Владимир КъБР-м и Парламентым зэрызыхуигъэзам.

Депутатым и пщэрылъхэр игъэзэщIэн щIидзащ илъэсищ хъуауэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и ЩIалэгъуэ гвардие урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Iуэхухэр КИФЩI-м щызэзыгъэуIу Абазэ Албэч. Ар хагъэхьащ КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу Iуэхухэмкlэ, ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетхэм. Егоровэ Татьянэ абы ехъуэхъуащ икIи лэжьыгъэ купщIафIэ иригъэкIуэкIыну зэрыщыгугъыр жиIащ.

ЗэIущIэм япэ еджэгъуэу къыщащтащ «КъБР-м Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектыр. КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **АфэщIагъуэ Михаил** зэрыжиIамкIэ, дэфтэрыр ягъэхьэзыращ федеральнэ законодательствэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэм тету. Псалъэм папщIэ, абы щагъэбелджылыжащ Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм къэрал къулыкъу щызыIыгъыр нэхъыбэ дыдэу лэжьэну хуит зэращI пIалъэр.

Депутатхэр хэплъащ икIи къащтащ «Псэущхьэ хьэулейхэм якIэлъыплъыныр муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ я IуэхущIапIэхэм пщэрылъ зэрыщащIым теухуауэ» КъБР-м и Законым и гуэдзэным халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр. КъБР-м ВетеринариемкIэ и управленэм и унафэщI **Iэрэмысэ Аслъэн** жиIащ законопроектым псом нэхъыщхьэу къызэрыщагъэлъэгъуар зыми и нэIэм щIэмыт псэущхьэхэр зыхуей хуэгъэзэныр къызэзыгъэпэщхэм республикэ бюджетым щыщу ират ахъшэр зэрытрагуашэ щIыкIэр. Абы ипкъ иткIэ къыхалъхьэ 2023 гъэм щIышылэм и 1-м щегъэжьауэ а Iуэхум текIуадэр хуэдитхукIэ хагъэхъуэну. «Къыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу тщIы лэжьыгъэм мы гъэм сом мелуани 3 хухахауэ зэрыщытар. 2023 гъэм щегъэжьауэ, а бжыгъэр сом мелуан 15-м щIедгъэгъуну ди мурадщ. Абы текIуэдэнур къыщытлъытэну ди гугъэщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2023 гъэм, 2024 - 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ» КъБР-м и законым и проектым, - жиIащ Iэрэмысэм. Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ щIыналъэм хьэ хьэулейхэр щаIыгъ IуэхущIапIэ щаухуэмэ, Iуэхум текIуадэр иужькIэ нэхъ мащIэнкIэ зэрыхъунур.

ЗэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалэухуэ лэжьыгъэм теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ и коэффициентыр 2023 гъэм зыхуэдэнур гъэбелджылын» КъБР-м и законхэм я проектхэр. Иужьрейм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим**.

- Визэ хэмыту ди къэралым лэжьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэр 2016 - 2018 гъэхэм хэхъуауэ щытащ. Шэч хэмылъу, ар зэран хуэхъуу щIидзат щIыналъэм щызэтеубла лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэм, - жиIащ Асановым. - Абы къыхэкIыу 2019 гъэм лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр 2,0 тщIащ. 2020 - 2022 гъэхэм нэгъуэщI къэрал щыщу республикэм патенткIэ щылажьэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ тщIын мурадкIэ, а бжыгъэр 3,0-м нэдгъэсащ. Абы хуэдэ 1,5-кIэ хигъэхъуащ мазэ къэс къатын хуей налогым. Мы зэманым нэгъуэщI къэрал къикIауэ ди республикэм щылажьэм щIыналъэ бюджетым мазэ къэс сом мини 7-рэ 128-рэ къыхелъхьэ. 2018 гъэм псоми зэхэту къатам щIыналъэм и бюджетым сом мелуан 78-рэ къыхуихьауэ щытащ, 2019 гъэм - сом мелуан 132-рэ, 2020 гъэм - сом мелуан 72-рэ, 2021 гъэм - сом мелуани 123-рэ. КъБР-м и МВД-м къызэрипщытамкIэ, 2022 гъэм и мазибгъум къриубыдэу нэгъуэщI къэралхэм щыщу ди республикэм щылэжьэну хуит зыщI тхылъыр цIыху мини 3-рэ 224-м ягъэхьэзыращ, ар процент 28,9-кIэ нэхъыбэщ, блэкIа илъэсым егъэапщэмэ. Къата налогхэм республикэм и бюджетым къыхуихьащ сом мелуани 189,9-рэ. Ар къэлъытауэ, тфIэтэмэмщ лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ коэффициентыр нэгъабэ зэрыщытам хуэдэу 2023 гъэми къэдгъэнэжыныр. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр сэбэп хуэхъунущ хамэ къэрал къикIыу лэжьакIуэ къакIуэхэм я бжыгъэм зэуэ хэмыхъуэным, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм Iэмал нэхъыбэ яIэнущ пщIэкIэ яхуэлэжьэну увыну.

Депутатхэр арэзы техъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сабий зеиншэхэм, адэ-анэм я нэIэ щIэмытхэм къэралым зэрызащIигъакъуэм дыщIагъу дэIэпыкъуныгъэхэм теухуауэ» КъБР-м и законым и Iыхьэ 8-м халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм, «Зэзыгъэкlуж хеящIэхэм я лэжьыгъэм зыщагъэгъуэзэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым и Iыхьэ 6-мрэ КъБР-м и къэрал къулыкъущIапIэхэм я лэжьыгъэм зыхагъэгъуэзэныр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ» КъБР-м и законым и проектымрэ зэхъуэкIыныгъэхэр яхэлъхьэным и IуэхукIэ» КъБР-м и законым и проектым.

Депутатхэм даIыгъащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыхилъхьа жэрдэмыр - Бахъсэн Ипщэ къуажэм щыIэ бгым (Кавказ къурш тхыцIэ Иным щыщу) Майбородэ Виталий и цIэр фIэщыныр.

- Подполковник Майбородэ Виталий Урысей Федерацэм и ЛIыхъужьщ, жыджэру терроризмэм пэщIэтащ. Абы къыхуагъэфэщат «Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и еплIанэ нагъыщэр, ЛIыхъужьыгъэ орденыр, Суворовым и медалыр, нэгъуэщIхэри. 2013 гъэм гъатхэпэм и 20-м и къалэн игъэзащIэу уIэгъэ къытехуам ар къелакъым, ауэ и гъусахэм я гъащIэр ихъумэфащ. Бахъсэн Ипщэ къуажэм щIыпIэ унафэр зезыхьэ и IэнатIэм дэфтэрхэр едгъэхьа нэужь, унафэ къэтщтащ мы Iуэхум арэзы дытехъуэну, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэным и IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**.

КъищынэмыщIауэ, КъБР-м и Парламентым епха Жылагъуэ советым хагъэхьащ Май районым и Ново-Ивановскэ къуажэм дэт лицей №7-м и унафэщI Хиврич Еленэ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## СЕМЭН Жаннэ:

# Ди къалэн нэхъыщхьэр хэкум дыхуэсэбэпынырщ

*Ди газетымкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIащи, иджыблагъэ Адыгей Республикэм къыщызэрагъэпэщащ «Дохутырхэм я хасэ» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ. Хасэм щылэжьэнущ сымаджэщхэм, институтхэм щыIэ дохутыр лъэрызехьэхэр. Абы и унафэщIыр медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, IэщIагъэм зэпымыууэ щыхурагъаджэ Урысей медицинэ академием (РМАНПО) сабий нейрохирургиемкIэ и кафедрэм и профессор, Сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщI Семэн Жаннэ Борис и пхъурщ.*

*Ар 1960 гъэм шыщхьэуIум и 25-м Налшык къалэ къыщалъхуащ. Еджэн къиуха нэужь, КъБР-м и клиникэ сымаджэщым дохутырнейрохирургыу щылэжьащ. ИтIанэ академик Бурденкэ и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым аспирантурэмрэ докторантурэмрэ къыщиухащ. 1992 гъэм медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ.*

*2003 гъэ лъандэрэ Сабий хирургиемрэ травматологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIу мэлажьэ. И дохутыр Iэнатэм къыдэкIуэу, Жаннэ сэкъат зыгъуэта сабий щхьэ куцIыр гъэхъужынымрэ ар зэфIэгъэувэжынымрэ ятеухуа чэнджэщхэр зэрыт тхылъхэр къыдегъэкI, а Iуэхум теухуа патентищ иIэщ, сабий щхьэ куцIым епха щIэныгъэ-къэхутакIуэ унэтIыныгъэр и нэIэ щIэтщ.*

*Семэныр и жэрдэмщIакIуэщ икIи и къызэгъэпэщакIуэщ гъэ къэс екIуэкI «Сэкъат зыгъуэта сабий щхьэ куцIыр зэрагъэхъужыр» дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцым. КъищынэмыщIауэ, сабий нейрохирургиемкIэ конференцхэм лектору хэтщ. ЩIэныгъэ-егъэджэныгъэ Iуэхум хэтыху щIэныгъэ лэжьыгъэу 250-рэ къытрыригъэдзащ, абы щыщу 50-р дунейпсо мыхьэнэ зиIэ инджылыз журналхэм къытехуащ.*

*И IэщIагъэ нэхъыщхьэм къыдэкIуэу, абы епха жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэр. Жаннэ иджыпсту Москва къалэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и департаментым штатым хэмыт и сабий нейрохирург нэхъыщхьэщ, Урысей Федерацэм и Нейрохирургхэм я зэгухьэныгъэм и щIэныгъэ секретарщ, Сабий нейрохирургхэм я евразие ассоциацэм хэтщ, «Нейрохирургия и неврология детского возраста», «Вопросы нейрохирургии. им Н.Н. Бурденко» журналхэм я редколлегиехэм хэтщ.*

*И IэщIагъэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ «За честь и достоинство» дунейпсо артийскэ дыщэ орденым и кавалер ящIащ (2015), УФ-м и Следственнэ комитетым и унафэкIэ «За содействие» медалыр 2017 гъэм къыхуагъэфэщащ. Урысейм и дохутыр нэхъыфIхэм я «Призвание» лъэпкъ саугъэтыр къратащ 2015 гъэм. «За заслуги в неотложной нейрохирургии» (2021) орденыр иIэщ.*

*Адыгейм къыщызэрагъэпэща Хасэм и япэ зэIущIэр иуха нэужь, дохутыр цIэрыIуэм епсэлъащ Адыгей телевиденэм и лэжьакIуэ, АР-м щIыхь зиIэ и журналист ТIэш Светланэ. Абы жиIахэр ди щIэджыкIакIуэхэм, республикэм исхэм къахуэсэбэпыну къытщохъури, тыдодзэ мы интервьюр.*



- **Жаннэ**, «**Дохутырхэм я хасэм**» **къежьапIэ хуэхъуамкIэ къыщIозгъэдзэнут**.

- Дэ, хэку цIыкIум пэIэщIэу Москва щыпсэухэм, щылажьэхэм, ди республикэхэм щыщ сымаджэхэм зыкъыщытхуагъазэ куэдрэ къохъу. Апхуэдэхэм дадэIэпыкъун щхьэусыгъуэкIэ, куэдми-мащIэми, Москва щылажьэ дохутырхэр дызэрыцIыхуащ. Фэ зэрыфщIэщи, Москва и сымаджэщ, медицинэ институт куэдым, федеральнэхэри абы хэтыжу, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм щыщ IэщIагъэлI ахъырзэманхэр щолажьэ. АтIэ Iуэху гуэр къыплъыкъуэкIамэ, нэхъ уи гъунэгъуракъэ зызыхуэбгъазэр? Зи сымаджэр Москва зышэн хуей хъухэм япэу къалъыхъуэр я лъахэм щыщ IэщIагъэлIхэрщ. Дэтхэнэ зыми апхуэдэ лъэIу къытIэрыхьа нэужь, дызэрощIэ, сымаджэр республикэм къитшу зэкIуэлIэну дохутырыр, зыщIэгъуэлъхьэну сымаджэщыр дубзыхухукIэ дызэдоIэпыкъу.

ЕтIуанэрауэ, 2019 гъэм и щэкIуэгъуэм Урысей лъэпкъ медицинэ университетым и студентхэм Москва дэс адыгэхэм я нэхъыжьхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Агъырбэ Юрий зыхуагъэзауэ щытащ Москва щылажьэ дохутыр IэщIагъэлIхэмрэ абы хуеджэ студентхэмрэ зэIущIэмэ яфIэфIу. Абы цIыху 50 дыхэтащ. Хуабжьу зэхыхьэ гуапэ хъуат адыгэ шхыныгъуэхэр ягъэхьэзырауэ, концерт программэхэр зэхалъхьауэ. Мис абы щыгъуэм къэIуащ а гупсысэр, дохутырхэм я зэгухьэныгъэ гуэр къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

- **ЗэIущIэм жэрдэмщIакIуэ хуэхъуа студентхэм сытыт я мурадыр?**

- Нэхъыщхьэм нэхъыжь къыщилъыхъуэм деж сыт зыхуейр? Я Iуэхур къадэзыIыгъынщ, тезыгъэгушхуэнщ, дауи. Хуабжьу сигу ирихьат ди республикэхэм никIауэ Москва щеджэ щIалэгъуалэр. Абыхэм лъэIу щхьэхуэ гуэр яIэу аратэкъым, атIэ щIэныгъэ зэрагъэгъуэту, я IэщIагъэм фIыуэ къалащхьэм зыщыхуагъэсэну хуейти, абы и хэкIыпIэ хъунухэр а IэнатIэм лъэ быдэкIэ щыува ди деж къыщащIэну арат.

- **Псори зэуIуу фызэдэлажьэмэ зэрынэхъыфIыр абы щыгъуэм фубзыхуауэ ара?**

- Зи гугъу сщIа зэIущIэм иужькIэ, тыншу телефонкIэ дызэрыщIэн щхьэкIэ, чат къызэдгъэпэщауэ щытащ. А чатым цIыху 90 хэтщ иджыпсту, федеральнэ клиникэ цIэрыIуэхэм, сымаджэщ инхэм щылажьэу, дохутыр Iэзэхэу, щIэныгъэ ябгъэдэлъу.

- **Ахэр псори ди республикищым щыщхэра?**

- Псори ди республикэхэм щыщщ, ауэ зы щIалэ Лейпциг щылажьэу къытхэтщ.

- **Чатыр къызэрызэвгъэпэщрэ блэкIа илъэситIым фызыдэIэпыкъуа куэд щыIэ?**

- Япэрауэ, сымаджэ хъуахэр Москва къэшэнымкIэ, и узыр зыхуэдэр къэхутэнымкIэ, гъэхъужынымкIэ, Iэмал имыIэу, сэбэп дахуохъу. Ахэр дэ тщыщ гуэрым хуэгъэхъужынумэ, Iуэхур тыншщ, абы еIэзэн хуейр нэгъуэщIмэ, а дохутырым пыщIэнымкIи сэбэп дохъу. НобэкIэ къапщтэмэ, цIыхуи 100 хуэдизым дадэIэпыкъуащ, дэ дыщылажьэ сымаджэщхэм щыдгъэхъужащ, операцэ тщIахэри яхэтщ.

- **Иджыри къэс фи гупыжкIэ фызэхыхьэри фызэдэлэжьащ. Иджы абы лъабжьэ быдэ ефтыну мурад фщIыри, зэгухьэныгъэ щхьэхуэ къызэвгъэпэщащ. Сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар?**

- Ди Iэмалхэм нэхъри зедгъэужьыныр арагъэнщ. Ди хэкум, ди унэм, ди цIыхухэм нэхъыфIу, нэхъ псынщIэу дадэIэпыкъуфын папщIэщ къыщIызэдгъэпэщар. Мыр лэжьыгъэкъым, мыр дэ къалэн зыщытщIыжа Iуэхуу аращ.

- **Сыт хуэдэ а къалэнхэр? Ахэр щытха Устав иIэ хъунщ Хасэм**.

- Пэжыр жысIэнщи, ахэр куэд хъуркъым, тIу къудей хъууэ аращ. Хасэм лъабжьэ хуэхъур ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыдекIуэкI хабзэм, щIыхьэхум дытету дызэдэлэжьэнырщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди хэку цIыкIум щыщу зыкъытхуэзыгъазэ сымаджэм пщIэншэу и чэзум дыдэIэпыкъунырщ ди къалэн нэхъыщхьэр. ЕтIуанэр, къаныр зэрагъасэу щытам хуэдэу, медицинэ Iуэхум хуеджэну Москва нэкIуахэр а IэщIагъэм фIыуэ хищIыкIыу егъэсэнырщ, заужьынымкIэ ядэIэпыкъунырщ. Дэ дызытелэжьэн хуейр ахэр дэ нэхърэ нэхъыфI хъунырщ.

- **А къалэнхэм фыпэлъэщын щхьэкIэ, сыт хуэдэ Iэмалхэм фыхуеину?**

- Дэ жэуаплыныгъэ тхэлъу дызэдэIэпыкъужынырщ. Студентхэм е сымаджэ хъуауэ къалащхьэм щызыкIэлъызыгъэплъын хуейхэм зыкъытхуагъазэмэ, «хьэуэ» къыхэдмыгъэкIыу тхузэфIэкI тщIэнырщ. Ди зэфIэкI къихь къэдгъэнэнукъым. Уеблэмэ дэ дадэIэпыкъуну дыхуейщ ди республикэхэм щеджахэми щеджэхэми. Ахэри Москва накIуэу я IэщIагъэм щыхагъэхъуэну Iэмал яIэщ, гупыж ящI къудеймэ. Мы гъэм ди къудамэм накIуэри курс нэхъыжьхэм щIэс пщащитIым практикэр щрагъэкIуэкIащ. Си гуапэу садэлэжьащ.

- **Хасэр къызэвгъэпэща нэужь**, **цIыхущIэхэр къыфхыхьа?**

- Адыгейм щыпсэу, щылажьэ цIыху 20 - 30 къыхыхьащ Хасэм мы махуэхэм, дяпэкIэ нэхъри зиубгъунущ. Мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейщ, лъэпкъ зэхэгъэж дызэримыIэр. Адыгэ дохутырхэм я закъуэкъым Хасэм хэтынур, атIэ ди республикэхэм щыщ, сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIари къыддэлэжьэну хуитщ, нэхъыщхьэр дохутыр IэщIагъэм хуеджауэ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэнырщ, сымаджэ хъуам дэIэпыкъуну, студентхэр игъэсэну жэрдэм зиIэрщ.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, дяпэкIэ студент чат гуэри къызэгъэпэщын хуей хъунщ, нэхъ тыншу еджэн, лэжьыгъэм пэрыхьэн, дэ дыкъагъуэтын папщIэ.

- **Уэ Налшык укъыщалъхуащ**, **ущеджащ**, **зэгуэр апхуэдэ студенту ущытащ**.

- Си щIэныгъэм и лъабжьэр щызгъуэтар, шэч хэмылъу, Налшыкщ. ИкIи сыщылэжьащ. Си насып къихьри, IэщIагъэм адэкIэ зезгъэужьын папщIэ Бурденкэ и цIэр зезыхьэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым сыкIуащ, абы аспирантурэр, докторантурэр къыщызухащ, иужькIи сыщылэжьащ. Сэ сызыдэлэжьа профессорхэр егъэлеяуэ лъэрызехьэт, дохутырыфI умыхъункIэ Iэмал иIэтэкъым, апхуэдэхэм уабгъурыту уи IэщIагъэм зыщыхуэбгъасэкIэ. Абыхэм медицинэ IэщIагъэм щагъэува лъагапIэр слъэгъуащ сэ, аращ нэхъыбэм сыхуэпабгъэ, сыщIэхъуэпс щIэхъуари.

Мис апхуэдэ Iэмал, хуитыныгъэ яIэну сыхуейщ иджырей студентхэми. Абыхэми медицинэ IуэхущIапIэ нэхъыфIхэм лэжьыгъэм зыщыхуагъасэмэ, дохутырыфI къазэрыхэкIынум шэч хэлъкъым.

- **Иджыблагъэ Мейкъуапэ щекIуэкIащ щIэныгъэ-практикэ конференц**. **Сытым фытепсэлъыхьа?**

- Пэжщ, Мейкъуапэ къэрал технологие университетым и ректор Къуиижь Саидэ дыкъригъэблагъэри, щIэныгъэ-практикэ конференц едгъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Москва дэт сымаджэщ лъэрызехьэхэм щылажьэ дохутырхэр: урологхэр, акушер-гинекологхэр, кардиологхэр, пульмонологхэр, нейрофизиологхэр, сабий нейрохирургхэр, сабий хирургхэр.

А псоми я IэщIагъэр зыхуэдэмрэ зыр зым зэрызыщIигъэкъуэфынумрэ убгъуауэ дытепсэлъыхьащ. Ди республикэм и сымаджэхэм я процент 75 - 80-р нэгъуэщI щIыпIэ кIуэурэ зыщагъэхъужын хуей мэхъу. Ар зым и дежкIи щэхукъым. Иджыпсту медицинэ технологием апхуэдизкIэ псынщIэу зехъуэж, зеужьри, щIыпIэ псоми зэхуэдэу къыщызэрагъэпэщыфыркъым ар. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Iэмэпсымэхэр лъапIэщ, абы ирилэжьэн IэщIагъэлIхэр егъэджэн хуейщ, ахэр хьэзыр хъуа нэужь, сымаджэ куэдми уеплъын хуейщ, щэху псори къэпщIэн папщIэ. Апхуэдэ Iэмалхэр здэщыIэр къалэшхуэхэрщ, къалащхьэхэращ.

Мис а медицинэ щытыкIэхэри едгъэфIэкIуэну ди къалэнщ дэ. А щIыпIэм операцэ щедгъэкIуэкIыфынумэ, дыкIуэфынущ, ауэ абы щхьэкIэ технологие ехьэжьахэр щыIэн хуейщ. ЩымыIэрэ – Москва шэн хуейщ.

Мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейщ щIыналъэ сымаджэщхэм дохутыр Iэзэ куэд зэрыщылажьэр. Уеблэмэ иныкъуэхэм деж согъэщIагъуэ иджырей Iэмэпсымэ лъэщхэр ямыIэу, хиругие Iуэху гугъухэр зэрызэфIагъэкIыфыр. Абыхэм сымаджэ куэд кърагъэл, къызэфIагъэувэж.

Дэ экономикэ, финанс Iуэхухэр (медицинэ Iэмэпсымэ лъапIэхэр къэщэхуныр) ди къару къихьынукъым, ауэ медицинэм и лэжьакIуэ IэщIагъэлI ехьэжьахэр дгъэхьэзырыну, республикэхэм лэжьакIуэ дгъэкIуэжыну тхузэфIэкIынущ. Аращ дэ ди хэкум хуэтщIэфынур. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыри хуейщ и унагъуэм и Iуэху дэкIыну, узыншэну. Мис а ди хэку цIыкIухэм щысымаджэхэм я бжыгъэм щикIэрыхумэ, дохутыр Iэзэхэр яIэ хъумэ, ди къалэн дыпэлъэщауэ, ди мурад къыдэхъулIауэ аращ.

*Зытхыжар*

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ**.

## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 29**
*щэбэт*

♦**Инсультым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**
♦**Комсомолыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1943 гъэм** Налшык ФЗО школ къыщызэIуахащ.
♦**1930 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Пэнэф Сэфар.**
♦**1934 гъэм** къалъхуащ юрист, тхакIуэ **Сэрахъэ Александр**.
♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Балъкъэр Тамарэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык кIагъэпшагъэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 3 - 7 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 30,**
*тхьэмахуэ*

♦**Политикэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**Урысейм и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**
♦**Урысейм щагъэлъапIэ инженер-механикхэм я махуэр**
♦**1711 гъэм** Къэбэрдей шууейхэм Мурад-СулътIан зи пашэ шуудзэр хагъэщIат.
♦**1927 гъэм** къалъхуащ Мысырым и дзэ къулыкъущIэ, Штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд.**
♦**1938 гъэм** къалъхуащ кхъухьлъатэзехуэ, Иорданием и ЛIыхъужь **Шурдым Ихьсан.**
♦**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI-живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил.**
♦**1972 гъэм** къалъхуащ коллекционер, публицист **Тхьэкъуахъуэ Iэуес**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык махуэр уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 14, жэщым градуси 4 - 6 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 31,**
*блыщхьэ*

♦**Тенджыз ФIыцIэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Къалэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Экономием и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм щыIэ СИЗО-хэмрэ тутнакъэщхэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Урысейм щылажьэ Iэпэтэрмэш зэдзэкIакIуэм и махуэщ**
♦**1952 гъэм** къалъхуащ УФ-м и къэрал лэжьакIуэ, етIуанэ рангым и къэрал чэнджэщэгъуу щыта **Хъупсырокъуэ Назир (Кърым-Джэрий).**

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ IущыгъэI:**

**Шыпсыранэ пэтрэ зы дахэгъуэ иIэщ.**

● ЗэIущIэхэр

# ТхакIуэхэр зочэнджэщ



*Иджыблагъэ Ставрополь щIыналъэм щекIуэкIащ Кавказ Ищхъэрэм и усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я еплIанэ хэгъэгузэхуаку фестиваль. «Зэныбжьэгъугъэм и псынащхьэ» зэхыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш, Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь щIыналъэм я лIыкIуэхэр хэтащ абы.*

*Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ закъыхуигъэзащ Iуэхур щекIуэкIа Курской щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Сидоренкэ Оксанэ, щэнхабзэмкIэ къудамэм и унафэщI Зеленовэ Зинаидэ сымэ.*

*Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэу Ставрополь щIыналъэм щыIэм и унафэщI Куприн Александр абы къыщызэрагъэпэща «СтIол хъурейм» къыщыщыпсалъэм тхакIуэхэм я зыужьыныгъэм, ефIэкIуэныгъэм хуэщхьэпэну Iуэхугъуэхэм, тхэн щIэзыдзагъащIэхэм зэрызыщIагъакъуэм я гугъу ищIащ.*

*ЗэIущIэм хэтахэм загуэшри, адэкIэ лэжьащ. Сабий тхакIуэхэм епсэлъар Ананьченкэ Николайщ. Балигъхэм яхуэтхэхэм Яковлев Владимиррэ Дмитриченкэ Валентинэрэ чэнджэщ щхьэпэхэр иратащ.*

*Фестивалым кIуахэм музейхэмрэ библиотекэхэмрэ зыщрагъэплъыхьащ, курыт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэм Iуагъэщlащ.*

*Литературэрэ макъамэрэ зэхэухуэнауэ «УсакIуэр усакIуэм и къунакъщ» фIэщыгъэм щIэту къызэрагъэпэща пшыхь дахэм тхакIуэхэм я гукъеуэхэр щыжаIэну, я IэдакъэщIэкIхэм къыщеджэну Iэмал щратащ. Лъэпкъ литературэм, абы и щхьэхуэныгъэхэм, мы зэманым щыIэ лъэпощхьэпохэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу абы къыщыпсэлъащ «Минги-Тау» литературэ журналым и редактор нэхъыщхьэ Додуев Аскэр.*

*ЗэIущIэр и кIэм нэблэгъами, тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ зэхэмыкIыжу иджыри куэдрэ зэхэтащ. Ахэр зэрыцIыхуащ, я тхыгъэхэр, телефонхэр зэIэпахащ, зэдэлэжьэну зэгурыIуахэри мащIэкъым. ЯхуэфIыну дыщогугъ.*

## Къазбэч и къалэмыр

**Ищхьэкlэ зи гугъу сщIа зэхыхьэм ди щIыналъэм къыбгъэдэкIыу ягъэкIуахэм ящыщщ МамыкIэ Къазбэч. ЩIалэм Фейсбукым щиIэ напэкIуэцIым щIэх-щIэхыурэ и IэдакъэщIэкIхэм щыщ кърелъхьэ. Псом хуэмыдэу гуапэщ абы и усэхэм ныбжьыщIэ цIыкIухэр гъэхуауэ къызэреджэр плъагъуну. Къазбэч къызэрыджиIамкIэ, ар илъэс куэд щIауэ матхэ, ауэ и усэхэр утыку кърихьэн зэрыщIидзэрэ куэд щIакъым.**

**Къэсейхьэблэ къыщыхъуа усакIуэм анэдэлъхубзэр фIыуэ езыгъэлъэгъуахэу ЛIымахуэ Людэ, къуажэ курыт еджапIэм и унафэщIу щыта Цагъэ Анатолэ сымэ я цIэ къреIуэ. Лъэпкъ хабзэм, бзыпхъэм, тхыдэм теухуауэ абыхэм зыщIапIыкIар зэрыуасэншэр жеIэ.**

**МамыкIэр ди редакцэм къедгъэблагъэри упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащи, къыджиIахэр ди гуапэу фи пащхьэ идолъхьэ.**

- ЕплIанэ классым сызэрыщIэсрэ сотхэ, - жеIэ абы. - НыбжьыщIэ куэдым зэрахьэлу, си япэ усэр лъагъуныгъэм теухуауэ щытащ. КъыкIэлъыкIуэу си анэм сыхуэусат. Ауэ щыхъукIи, сэ сытхэу цIыхухэм сыкъызэращIэрэ илъэсипщIщ зэрыхъур. Абы и щхьэусыгъуэращ. Си япэ усэхэм ящыщ ди анэм щезгъэлъагъум: «Си щIалэ, ХьэIупэ ДжэбрэIил (Казбек и анэмкIэ и благъэщ) зэрытхэм хуэдэу умытхэнумэ, умытхэххэ. ЦIыхум ауан узэращIын тхыгъэ утыку къыумыхьэ», - къызжиIати, стхыхэр зыкъомрэ дунейм къытезгъэхьакъым.

Абы яужь зэманыфI дэкIауэ, си адэм теухуауэ стха усэр ди анэм зэрымыщIэкIэ илъэгъуа иужь, ипэкIэ жиIа псалъэхэр къищтэжри, си IэдакъэщIэкIхэр дунейм къытезгъэхьэну игъуэу щыжиIэм, сытегушхуащ. Ди анэм си жагъуэ къищIауэ къызыщыхъу щыIэщ, хьэуэ, сэ абы жиIар зэрыпэжыр, ХьэIупэм хуэдэу уи псалъалъэ имызмэ, лъэпкъ усыгъэм пхухэлъхьэн зэрыщымыIэр хьэкъ сщыхъуауэ аркъудейщ. Сэри а илъэсхэм ауэ сыщысакъым, си щIэныгъэм ерыщу хэзгъэхъуащ.

**- Сыт узыгъэусэр?**

- ЦIыхухэм я дуней тетыкIэм, дунейм и къэхъукъащIэхэм, щIыуэпсым и дахагъэм. Тхэн гукъыдэжыр гурыфIыгъуэми нэщхъеягъуэми кърагъэбл. Си усэхэр гъащIэм, цIыху зэхущытыкIэм, адэ-анэм ятеухуащ. Си анэм и гъащIэр и лъабжьэу тхылъ согъэхьэзыр. Ар си япэ Iуэтэжщ.

**- ТхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я зэхыхьэу иджыблагъэ фыздэщыIар сыткIэ къыпщхьэпауэ къэплъытэрэ?**

- Хуабжьу сигу ирихьауэ сыкъэкIуэжащ. Абы адыгэ щыIэу къызэрысщIэу, сызэрыкIуам тIууащIэу сыщыгуфIыкIыжащ. Кавказ Ищхъэрэм щыщ тхакIуэ цIэрыIуэхэмрэ нэхъ зи щIалэгъуэхэмрэ щызэхуашэсат абы. Фестивалым тхакIуэ куэд цIыхугъэ къыщысхуэхъуам и мызакъуэу, си усэхэм ящыщ нэгъуэщIыбзэкIэ зэрадзэкIыну гукъыдэж яIэу тхакIуэ зыбжанэм зыкъызагъэщIащ. Сабийр зэрыджэгу хьэпшыпхэм хэбгъэтIысхьа иужь Iэрпхъуэр зэрыхъум хуэдэу, слъагъур, сызыхэтыр сфIэмащIэу фестивалым сыщыIащ.

**- Тхэн щIэзыдза куэдым хуэдэу, литературэ критикхэм уащышынэрэ?**

- Хьэуэ. Си тхыгъэхэм я IуэхукIэ ХьэIупэм и закъуэщ сызыщышынэр. СыфIолIыкI жысIэмэ, нэхъ пэжу къыщIэкIынщ.

**- Уи япэ тхылъыр къыдэбгъэкIыну зэрыбгъэхьэзырым сыщыгъуазэщ.**

- Усэ тхылъыр хьэзырщ, ауэ щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ зэкIэ сепIэщIэкIыркъым.

**- Уи IэщIагъэкIэ тхэн Iуэхум упыщIа си гугъэкъым.**

- Сэ курыт еджапIэр къызэрызухрэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зеспщытащ, иджыкIэ сыухуакIуэщ. Унэм и лъабжьэм щыщIэдзауэ узэрыщIэтIысхьэжынум хуэдэу зэфIызогъэхьэ.

**- Уи хъуэпсапIэхэм дыщыбгъэгъуэзэн?**

- Си хъуэпсапIэхэр си закъуэкъым зэхьэлIар. Тхэн щIэзыдзагъащIэхэр илъэсым зыбжанэрэ зэхуэсшэсыну, абыхэм гъуэгу етынымкIэ щхьэпэну зэхыхьэхэр къызэзгъэпэщыну си хъуэпсапIэщ.

**- Тхэн Iуэхум ехьэлIауэ гукъеуэ узэриIэм сыщыгъуазэщ.**

- Пэжщ, иджырей гъащIэм гукъеуэ щымащIэкъым, ауэ си гукъеуэ нэхъыщхьэр къытщIэхъуэ щIэблэр бзэмыIуу къызэрыхъурщ. Ахэр телефонымрэ телевизорымрэ йокIуадэ жысIэмэ, сыщыуэнукъым. Ахэр зыдихьэх дунейм адыгэбзэ нэхъыбэу зэрыхэдгъэхьэным, анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр къегъэщIэным делэжьыпхъэщ. Си щхьэкIэ си быным яжызоIэ, анэдэлъхубзэр зыщагъэгъупщэмэ, сэри сызыщагъэгъупщэну. Яхуэздэнукъым!

*Къазбэч и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зыбжанэ иджы япэу тыдодзэри, фигу ирихьмэ, ди гуапэщ.*

*Епсэлъар*
**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

* * *

**Мывэгу и гущхьэ зэи зэгуэудкъым,**
**И гур мыбампIэ, хуитуи мэжей.**
**Гукъеуэри зищIысыр зыхимыщIэ,**
**ГъащIэм щохъуакIуэр, гукIэ нэпсейщ.**

**Псалъэ шэрыуэкIэ гущхьэр екъутэр,**
**УIэгъэ хьэлъэхэр гущхьэм щохуэх.**
**И бзэгупэ дыджым мафIэ къыпехыр,**
**Ихъуреягъкlэ зрелыпщIэкI.**

**Зэманым псори зэрегъэзахуэр,**
**Зэман къыхуохуэр гум щыдэхуэх.**
**Бгылъэм елъауэ мывэр щыщащэ,**
**Псэр игъэгызми, зыкъыщащIэж.**

**Я нэхъ мыл Iувыр дыгъэм егъэткIур,**
**Бгы лъапэм псынщIэу щызэбгырож.**
**Гугъуехь пщIэнтIэпсыр занщIэу мыгъущми,**
**Хуэфэщэн уз IэпкълъэпкъымI къыхеш.**

* * *

**Уи дахагъэм нэр топлъызэр,**
**СыноплъыхукIи зызмыгъэнщI.**
**Уи щIалэгъуэм гур токIуадэр,**
**Узмылъагъум си гур хощI.**

**Уи нэбжьыцхэм нэр къыпхопсыр,**
**IэфIагъ куэд мы си гум къокI.**
**Си нэм дыгъэу укъыщIопсэр,**
**Уи гуфIэкIэр нэгум щIокI!**

**Уи щабагъэр псэм зыхещIэр,**
**Уи псэлъэкIэм гур дехьэх.**
**Уи гум илъыр псэм зыхещIэр,**
**Си нэм щIэплъи, сызэхэх.**

**Пщэдджыжьыпэм къэIу макъамэм,**
**Удежьууэ сэ къысфощI!**
**ГукIэ сэ сынышdежьууэрэ,**
**ПсэкIэ уэ уэрэд пхузотх.**

# ПщыукI Хьэсэн и хъыбар

● IуэрыIуатэ

ЗЫ пщэдджыжь гуэрым губгъуэм шууэ ситу, шыгу зэщIэщIа исy ПщыукI Хьэсэн сыIуощIэ:

- Уа, гъуэгужь апщий, тхьэмадэ махуэ!

- Уа, дызэдежьэ апщий, шынэхъыщIэ! - сигъэгушхуэу жэуап къызетыж. ЗекIуэлI хабзэу шу дэгъазэри согъэзащIэ.

Хьэсэн илъэс 90-м нэблэгъат. Къулъкъужын къуажэ кIыхьым шитI зыщIэщIа шыгу зыми зэрихуэжтэкъым Хьэсэн фIэкIа. Пщэдджыжьк Iэрэ жьыуэ шыхэм шуудз яхупиупщIырти, яхуишэрт.

- Къащтэт уи шэмэджыр, шынэхъыжь! - щыжысIэкIэ, дзыхь къысхуещI. Ар къыщIыхэзгъэщыр, зэрызгъэунэхуамкIэ, апхуэдэ нэхъыжьхэр мэкъу зэреуэ я шэмэджхэр, маисащхъуэм хуэдэу, зэщIэлъыкIауэ щытщи аращ. ЩIалэгъуалэр я къарум щыгугъырти, шэмэджыр гъэжэныным елIэлIащэртэкъым.

Уо-о, ар сыту гухэхъуэт! Мо пщэдджыжь уэсэпсым шэмэджыр удз цIынэм IэщIэкIыу щIэкIырт, уи Iэпкълъэпкъри зэрызэригъакIуэр псэм фIэфIу зыхэпщIэу. Арагъэнщ, «мэкъу еуэм зегъазэри, кхъуейр зыхузыр тхьэмыщкIэщ», щIыжиIар пасэрейм.

Iуэхур зэфIэкIа иужь: «Мыдэ къэтIысыт, шынэхъыщIэ, уэ адыгэ лIыхъужьхэм ятеухуа хъыбархэр зэрыпфIэфIыр сощIэ!» - жиIэрт.

Сэри сызыхуеиххэр арати, зы псалъэ зэрысIэщIэмыкIынымкIэ сысакъырт. Хъыбарыжьхэр екIурэ пэжу къыбжезыIэжыфыну къуажэм къыдэнэжар мащIэт.

Апхуэдэ пщэдджыжьхэм ящыщ зыщ сыщыщIигъэдэIуар мы хъыбарым.

## IуэтэжыпщIэ

Дыбын унагъуэшхуэт. ЕрыскъыкIи щыгъынкIи дыхуэджэладжэт. Ди адэр, адэ-мыдэ жиIэми, къытIурыкIапщIэрт. Дауэ ищIми, дигъэмэжалIэртэкъым. Быным я нэхъыжьыр сэрати, сыкъыщыжэпхъым, илъэс 11 сыхъуагъэнт, къуажэпщ Абзуаным ди адэр елъэIуащ: «НэгъуэщI мыхъуми IэпыдзлъэпыдзI яхуэхъунщ уи мэлыхъуэхэм, зыгуэр тIэкIу къысхуегъэлэжь!». Абзуанми къигъэщIэхъуакъым. ЦIыкIуу къемыжьэ ин хъуркъым, шэхур хуабэ щIыкIэ яхуз, щIалэр цIыкIу щIыкIэ гъэпсамэ нэхъыфIщ.

Псыхуабэ Iэгъуэблагъэм щыIэ и мэлыхъуэ пщыIэм саритыну къигъэгугъащ. Мэлыхъуэ зэблэкIыгъуэр къыщысым гупкIэм сису сыздрашэжьащ мэлыхъуэхэм. ДыздэкIуэм, слъагъу псори згъэщIагъуэрт. Уэшхыпс инам къепщIэкIа хьэндырабгъуэ зэмыфэгъу нэгъунэ, выхэр зэрагъэIурыщIэри, уэгъури-чыхури, гъуэшри, адэгъэшри дыздэкIуэм сыщIэупщIэурэ зэзгъэщIакIэт.

Иджы си хъуэпсапIэр витIыр сэ схунырт. Ауэрэ дыздэкIуэм сытогушхуэри, «уи чыр тIэкIу сыгъэIыгъ!» солъэIу гув зехуэм. ЛIыр и пащIэкIэ щIогуфIыкIри, «мэ, выуэчыр убыди, лIы хуэдэ нэху!» къыщызжиIам дуней гуфIэгъуэр сиIэт.

«Уэгъу, джэмыдэ, гъуэш, кIэху!» жысIэу, выхэр згъэIурыщIэ щыхъум, «уэлэхьэ, вы хъунур шкIэ щIыкIэ къыбощIэмэ, мыр лIы хъун хуэдэщ!». МэлыхъуитIыр зэчэнджэщыжри, гублащхьэм сыдагъэтIысхьащ.

ГуфIэгъуэм сызэщIищтат, лIы сыхъуа си гугъэжт. Пщыхьэщхьэ гуэрым, моуэ хьэщIэ ихьэгъуэ жыхуаIэм хуэдэу, зы фочауэгъуэ хуэдизкIэ къэблэгъауэ шу гуэр къытхуокIуэ. «Уэлэхьэ, дунейм тетыжмэ, Мурат и шы пэхушхуэм и кIуэрыкIэм!» - хуигъэфэщащ лэгъупэжьым. Къэсри, арат. НэхъыщIэр пежьэри, IумпIэр Iэ ижьымкIэ, лъэрыгъыр сэмэгумкIэ иубыдри, къригъэпсыхащ. Нэхъыжьым: «Уо, фIэхъус апщий, фIэхъус апщий! Зи хьэщIэгъуэм дыщIэхъуэпсу, зи даущыр бэм я щапхъэ!» - жиIащ.

КъыIухьами, «бэм я щIасэ фыхъу!» жиIэри, Iихащ сэламыр. ХьэщIэ ныш яукIын хуей щыхъум, «ащтыным пшэрыIуэ ищIа щынэр нэхъ вэгъуафIэ хъунщ», жаIэри, къаубыдащ.

Пщэдджыжьым хьэщIэ дэкIуатэр сэ къыстригъэхуащ езы Мурат. «Абрэдж хахуэщ» хужаIэу зэхэсхати, тIэкIуи сышынэрт, ауэ зыкъезгъэщIакъым. ШуутIыр зы ехыпIэ задэ дыщыхуэзэм, епсыхри, шхуэмылакIэмкIэ иришэхащ и шыр. «Шы мин уиIами, ехыпIэ задэм IумпIэкIэ ешэх, зыш фIэкIа уимыIэми, дэгъэзыкIыгъуэ задэм уемыпсых!» - къызитащ чэнджэщ Мурат.

Хъанхэ я вокзалым (иджырей Минводы) къикI гъуэгушхуэм дынэсыным зы гуоуэгъуэ хуэдиз иIэжу, дыплъэмэ, гуимэ (тешанкIэ) кърокIуэ. ШуитI япэ итщ, иужькIи тIу. Фочхэр я плIэ идзащ, я мыжурэхэр дыгъэм полыд.

Уэзым жеIэ: «ЛIым ежьауэ къигъазэркъым. Мыхэр къызэрыкIуэ гъуэгумкIэ сыблэкIын хуейщ. Къысщыхьэмэ, къэгъазэ щыIэжкъым, сыкъаукIмэ, си кIуэдыкIар цIыхухэм яхуэIуэтэж!»

Сэри, сыщIалэ цIыкIу псынщIэ хъунти, «хъунщ» къызжьэдолъэт. Абдежым сыкъыщонэри, Мурат, шу закъуэрэ хьэ закъуэрэ жыхуаIэр арати, Хъанхэ я вокзалым кIуэ гъуэгум ирокIуэ. Благъэ щызэхуэхъум, зэщIоувыIыкIхэри, зыIущIа шуитIым Мурат и бгъуитIымкIэ гъунэгъу дыдэу къыбгъурахуэ. Зыгуэрхэр зэжраIэ, шуитIыр къызэдопхъуэ, Муратым и пщэдыкъыр яубыдри, шы пщампIэм дагуэ. Согузавэри, си лъэнкIапIэр мэкIэзыз. Асыхьэтуи фокIэщIитI зэдоуэ. ШуитIыр уанэгум щощIэ. Мурат и уанэ бгъуитIымкIэ фокIэщIитI едзыхауэ зэрыщытар къызощIэж. Зы напIэзыпIэм и маузерыжьымкIэ адрей тIури щхьэщIыбкIэ ирегъэхуэх. Гузехуэр Iэщэм щепхъуэм, адрейхэм якIэлъегъакIуэ.

Гуимэм пхъуантэ илъыр кърехри, си дежкIэ къегъэзэж. ШитIым я Iэпслъэпсхэр зэпиупщIри, иутIыпщащ. Мэзым дыхыхьэу, пхъуантэр зэтриудмэ, ахъшэр хуэфIу дэлът. Зы IэмыщIэфI къыхихри, «мыбы сэ хэкум срихыфынущ, уэ мы къэнар уи къэпым илъхьи, гъэпщкIу, унэсыжмэ, уи адэм ет, ар уи IуэтэжыпщIэщ» жиIащ.

Арати, Уэзы Муратыр мэзым хыхьэжащ. Сэри мывэбгъуэ гуэрым кIэщIэслъхьэщ хъуржынри, мэлыхъуэ зэблэкIыгъуэм си щыгъыныжьхэм яхэлъу ар здэсшэжащ. Хьэкъыуи зы бгъэбз къызатащ.

Пщэдджыжьым пIэм сыхэлъу ди адэр къысщхьэщыхьэри, «уэт, щIалэфI, уи насып нэхъыбэ ухъу, мэл бэгъуа къэблэжьар Iэджэрэ зридгъэкъунщ», жиIащ. Сыкъыщылъэту, ахъшэ къэсхьар и пащхьэ щислъхьэкIэ, къоуIэбжь: «Iэгъу, Iэгъу! Уэлэхьи, мыпхуэдиз ахъшэ ди къуажэпщым имыIэ! Мыр дауэ?»

Iуэхур къызэрекIуэкIар хуэсIуэтэжри, «мыр и IуэтэжыпщIэщ», жесIащ.

КIэухыу. Мурат псэм пищI пщащэ иIащ, тIури хьэщыкъ зэхуэхъуауэ. АрщхьэкIэ, хъыджэбзым и адэанэм, «абрэдж малъхъэ дыхуейкъым, нобэ ямыукIми, пщэдей яукIынущ», жаIэри, я пхъур щхьэхуимыту Истамбыл здрашыжат. Мурат псэм пищIыр щрашым, езыри кIэлъыкIуэжащ.

Мы едзыгъуэ цIыкIури щIыжаIэжар а лIы хахуэрщ:

**«Гум къалэ псынэм андез къыщощтэ,**
**ЩIылъэр къэмыщтэу, Мурат къэщтэнкъым.**
**Зэныбжьэгъу щIалэхэм бжыхьыр якъутэ,**
**Мурат и шхыгъуэр къалэ къутэнщ».**

**БАБЫГУ Сосрыкъуэ.**

# И адыгэбзэм малъхъэдису узэщIешэ



**Япэ дыдэу Къармэ Iэсят и усэхэр зэуIуу, зы газет напэкIуэцI иубыду «Адыгэ псалъэм» къыщытехуам, си Iупэр зэтемыхьэу сыщыгуфIыкIыу, зы мылъкушхуэ гуэр къысхэхъуауэ къысфIэщIу, дамэ стетамэ сылъэтэным хуэдэу, сыкъызэщIиIэтэу седжащ, пхуэмыIуэтэщIыным хуэдэу гухэхъуэгъуэ ини згъуэтащ. И бзэр къулейт, телъыджэт, малъхъэдисым хуэдэу узэщIишэу. И IэдакъэщIэкIхэр адрей усакIуэхэм яйм жыжьэу ещхьтэкъым. Уеблэмэ языныкъуэ псалъэхэм къарыкIыр къызгурымыIуэу, псалъэгъэнахуэр къэсщтауэ щIэспщытыкIырт. Абдежым хьэкъ сщыхъуащ ди Къэбэрдей усыгъэм талантышхуэ зыбгъэдэлъ, ди лъэпкъ усыгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIыну бащэкIэ узыщыгугъ хъун бзылъхугъэ къызэрыхыхьэр.**

ЗЫ тхылъ закъуэщ Къармэм иIэр - 2018 гъэм къыдэкIа «АдрыщI ныджэ» зыфIищар. Ауэ а зыр языныкъуэ усакIуэхэм я тхылъ тIощIым нэхърэ нэхъ лъапIэу собж. ЩIэнэхъ лъапIэр псом япэу и бзэрщ. Iэсят и тхылъыр щапхъэ телъыджэщ ди адыгэбзэм и дахагъэмрэ и кууагъымрэ зэбгъэщIэну, зыхэпщIэну ухуеймэ. Дызытепсэлъыхь Iуэхур наIуэ фщытщIын папщIэ усакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щыщ едзыгъуэхэр фи пащхьэ итлъхьэнщ.

Уафэр бампIэм къызэщитхъыу,
Пшэ куэншыбэм зэпекъуз;
Лыгъэ хъуаскIэр гъуэзым хитхъэу,
Щыблэ кIапцIэр зэпогыз ...
ЗэщIоутхъуэ уафэ кIэнтхъыр -
ХъуэпскIыу блапцIэ холыдыкI,
ЩIыуэпс лъащIэр зэщIигъалъэу,
Хьэршыжь купщIэр зэгуощIыкI.
Пшэ ныбэфыр зэщIогъуагъуэ -
Гыз-гурыму зэхощIыщIэ -
Уэгу чеижьу абрагъуэр
Тафэ гъуркIэм треунащIэ.

Мы сатырхэр «Щыблэ» усэм щыщщ. Куэдрэ зэхэфхрэ, фыкъеджэрэ апхуэдэ псалъэ шэрыуэхэм, эпитетхэм, зэгъэпщэныгъэхэм - **пшэ куэншыбэ**, **тафэ гъуркIэ**, **щыблэ кIапцIэ**, **пшэ куэншыбэ**... Е феплъыт мы сатырхэм:

Фэдэныжь цIанлъэ кIапцIэ-кIадзэу,
Псэ Iунэм псантхуэр изолъэф,
Схухэмылъэфыр кIэзэрыдзэу
ПсэIущхьэм гугъэу щызогъэфI.

Куэд щIауэ зэхэфха апхуэдэ адыгэбзэ? ЩыIэжыххэу сщIакъым Нало Заур, IутIыж Борис сымэ яужькIэ.

Сымытха усэхэр ибэщи,
Бгынэжа лъахэм йопщIыхь.
ЖызмыIа псысэхэр набгъэщи,
Бгъафэ гъейрэтым йотIыхь.
Я зы дэтхэнэри гъыбзэщи,
Макъамэ тхытхыу мэтхьэджэ,
Я нэхъ шэрыуэри бзабзэщи,
Хьэджасэ пэбдзу мэпыджэ.

Нобэ щIагъуэу къэдмыгъэсэбэпыж псалъэхэмкIэ къулейм и закъуэкъым мы едзыгъуитIыр - гупсысэ куукIи гъэнщIащ.

Ди усакIуэ куэдым я IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ зысщIа нэужь, мыпхуэдэ гупсысэм сыхуэкIуащ. Абыхэм я тхыгъэхэм къызэщIаубыдэ гъащIэ къибыргъукIым и лъэныкъуэ куэд. ИкIи абыхэм уахэплъэжмэ, нэхъ къайхъулIэхэм ящыщщ ямыIэж адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм, я щхьэгъусэхэм траухуахэр. Сигу къокIыж Мысачэ Пётр и адэм и фэеплъ усэ телъыджэхэр, апхуэдэу Тхьэгъэзит Зубер, Бицу Анатолэ, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ пасэу яIэщIэкIа я щхьэгъусэхэм хуатхахэр. Къармэми усэ хьэлэмэтхэр иIэщ и адэшхуэ-анэшхуэхэм, къэзылъхуахэм ятеухуауэ. Феплъыт «Анэшхуэм» хэт мы сатырхэр гущIэм зэритIысхьэм:

Гъуджэ-еджапIэ, гъатхэ-лэжьапIэ -
Моу сынокIуэжыр, моу синосыжыр ...
И нэкIэпс тIэкIур къыфIыIэпыжу,
Автобус блэкIхэм ящIэдэIужу,
Дыхьэ-дэкIыжхэм якIэлъыхъуапсэу,
Ди тетIысхьэпIэм тесщ си анэшхуэр.
... Зэм сощIыIунэ, зэм сощIыIущхьэ,
Силъщи архъуанэ - сыхущIэмыхьэ.
... Ди бжэщхьэIу нэщIыр
зы гуэныхьышхуэщ.

И къуэрылъху пщащэм ежьэ фызыжьым и образыр дэгъуэу къэгъэлъэгъуа хъуакъэ? Хьэуэ, щIэх пщыгъупщэнукъым а зи нэпсыр къызыфIыщIэж нанэр зыхэт теплъэгъуэр. Ар зэзыгъэжьа хъыджэбзыр, Iэбэми лъэмыIэсыжыну зэрыхущIегъуэжар иужь сатырым хьэкъ пщищIыркъэ?

ГущIэм зыкъыдегъазэ Къармэм и адэм техуа «Сыкъэмысурэ» усэм.

Сыкъэмысурэ, уэс къыптесащ,
Кхъащхьэ мывэм таж
хужь щхьэритIагъэу.
Сыкъэмысурэ, гъатхэр къэсащ,
Уи гущIыIум щыгуIэ щхъуантIагъэу.
Сыкъэмысурэ, куэдым сесащ,
Зыхэсщlащ щIыбагъыншэм игъэвыр;
ЩIэнэкIалъэ сфIэщIар зэспэсащ,
Къыстехуащ нэхъыфI куэдым я мывэ.

Адэр IэщIэкIа нэужькIэ, пхъур гъащIэм и архъуанэ щысхьыншэхэм зэрикIэрэхъухьар, куэд ишэчын хуей зэрыхъуар, нэхъапэм фIэигъуэу щыта Iэджэ и псэм тригъэхуэну къызэрылъыкъуэкIар уи фIэщ ещI мы усэм.

Апхуэдизкlэ и бзэм удехьэхри, Iэсят и языныкъуэ усэхэм ящIэлъ щIагъыбзэр, гупсысэр, абыхэмкIэ къиIуэтэну зыхуейр занщIэу къыпхуэмыпхъуэтэнкIэ, къыбгурымыIуэнкIэ хъунщ. Къытебгъэзэжурэ зыбжанэрэ уеджэн хуейщ уи акъылыр абы хуэкIуэн папщIэ (хуэмыкIуэнкIи хъунщ). Гъатхэ пщэдджыжь мамырым къуалэбзум кърaш уэрэду, уи псэм йодэхащIэ усакIуэм къигъэщI сатырхэр:

Мывaщхъуэ кIанэ - уафэ бзий хъуаскIэ -
Дэп маскIэ Iунэ-мафIэзэщIэдз -
Щыблэ блэ кIапцIэу
пхузогъэхъуэпскIри,
КIэтх дариiблу сощI пкIэлъеидз.

И бзэр зэрыкъулейм и закъуэкъым Iэсят и усэхэм фIыгъуэу хэлъыр. Ди тхыдэм, ди нобэм теухуа Iуэхугъуэ куэд кууэ къызэщIаубыдэ. Бын гузэвэгъуэ зылъэгъуа анэхэм ятеухуа «ШыщхьэуIу гъыбзэ», зэман дыджым и мыгъуагъэ псори зышэча нанэхэр - зым НКВД-м и щIопщыр игъэунэхуащ, адрейм залымыгъэкIэ заем кърагъэщэхуащ, ещанэм и сабийр ажалым IэщIихащ, кIэщIу жыпIэмэ абыхэм ягъэвам «мывэр игъэткIунт».

Дыгъуэшх-дыгъуэлIхэр зыхэтхъыкIа ди нобэр уи нэгу къыщIагъэхьэркъэ мы сатырхэм - «НэшкIул гъэтхъахэм дагъэр къоцIывыкI», «Я гуимэхэр ( хамэ къэрал машинэ лъапIэхэр жыхуиIэщ) къыдэужьгъащ». Усэ телъыджэхэр къибгъуэтэнущ Къармэм и тхылъым: «Дунеижь бжаблэр си кхъаблэдэнэу», «АдрыщI ныджэ», «Мывaщхъуэ кIанэ», «Абгъуэрынэ», «Реквием», «Къыздалъхуар гузэвэгъуэ хэхуащи...» - дэтхэнэр жыпIэн.

Къармэм и усэхэм узыщрихьэлIэ псалъэ зыбжанэ къэтхьынти: щтэращтэ, гъадэщIыдэ, кIапцIэ-кIадзэ, жьыхъарз, нащхъуэбзащхъуэ, лъхудэ, щэнджатэ, уэсхъуэт, дожьачэ, гъуэгуакъуэ, бзабзэ, кIэтх, жьанэ, гухьэр, нэджащIэ, мэжьатхъуэ - мыбыхэм къарыкIыр зыщIэ куэд тхэту пIэрэ дэ, уеблэмэ адыгэбзэм ирилажьэхэм?

КIуэ пэтми къаруушхуэ хъу ди адыгэбзэр нобэ зыгъэшэрашэ, ди бзэм и дахагъэр, и лъэщагъыр утыку къизыхьэжа Къармэ Iэсят хуэдэ цIыхухэм дригушхуэн, тIэтын, дгъэлъэпIэн хуейуэ ди фарзщ.

Ди еджапIэ нэхъыщхьэ щIэсхэм е къэзыухахэм лъэпкъ литературэм зи гъащIэр тезыухуэну мурад зыщIа яхэтмэ, мыпхуэдэ чэнджэщ естынт: Къармэ Iэсят и IэдакъэщIэкIхэм, псом хуэмыдэу и бзэм теухуауэ диссертацэ лэжьыгъэ птхыну игъуэт.

**САУТ СулътIан.**

# ГушыIэрэ ауанрэ

«Дохутырхэ, сыныволъэIу мы щIалэр ажалым къевгъэлыну», - къытригъэзэжурэ лъаIуэрт сымаджэщым яфIыщIыхьа щIалэр.

«Мыр, дауи, уи къуэшу е уи ныбжьэгъуфIу къыщIэкIынщ, апхуэдизу ущыхуэгузавэкIэ», - ягъэщIэгъуащ операцэм зыхуэзыгъэхьэзырхэм.

«Хьэуэ, мы щIалэм ахъшэ щIыхуэшхуэ сIихауэ телъщ. Ар къызэзытыжыфын благъи Iыхьлыи иIэкъым.

* * *

«Уа, си ныбжьэгъу, убынунагъуэу, щхьэгъусэ екIу уиIэу а цIыхубзымрэ уэрэ Iэплlэ зэфшэкIыу, нэкIущхьэ бакIэ фызэхуэупсэу, фи телефон бжыгъэхэмкIэ фызэхъуажэу, кIыхьлIыхьу фыздэуэршэру, цIыхур зыщIэвгъэплъу мы бэзэрыкум щхьэ уит?» - жиIэу, къэгубжьауэ щIалэр и гъусэм щеупщIым:

«Зыгуэрым сыхигъэгъуэщати, сфIэемыкIуащ пэжыр жысIэну», - кърритыжащ абы жэуап.

* * *

Зэгъунэгъуитl зэдэуэршэрт. Зи ныбжь нэхъ хэкIуэтар нэхъыщIэм хуэтхьэусыхэрт: «Уэлэхьи, сынохъуапсэмэ, уэ иджыри ущIалэщ, уузыншэщ, сэ си нэм щIагъуэу илъагъужыркъым, жьажьэ сыхъуащи, телевизорымкIэ къагъэлъагъуэмрэ жаIэмрэ къызгурыIуэркъым».

Гъунэгъу щIалэм, лIыжьыр нэхъ нэжэгужэ ищIыну: «Зым щхьэкIи умыгузавэ, дадэ, уигу хэзыгъэхъуэн зыри телевизорымкIэ куэд щIауэ плъагъужыркъым икIи зэхэпхыжыркъым», - жиIащ.

* * *

Стадионым футбол щекIуэкIырт. ДэщIакIуэхэм ящыщ зы щIалэ пщтыр емызэшыжу кIийрт: «ЩхьэкIэ топым еуэ! ЩхьэкIэ джэгу!»

«КхъыIэ, хъуну щытмэ увыIэж, щхьэкIэ уджэгун папщIэ щхьэ ппытын хуейщ»,- жиIащ къыбгъурыс щIалэм.

* * *

Зэщхьэгъусэхэр зоопаркым итт. «Мыбы сыкъэкIуэху мо хьэIуцыдзым зыгуэр сигу къегъэкIыж икIи слъэмыкIыу зыгуэрым изогъэщхьри, зыхуэсхьынур сщIэркъым», - жиIащ лIым.

«Е сэ, е си анэм теухуауэ апхуэдэ зыгуэр иджыри жыпIэмэ, дыдж пфIэщIыр фоууэ къыпщызгъэхъужынщ, щIалэ», - жиIащ губжь къызыпкърышэса фыз Iэлым.

* * *

«КIуэт, пIытIэ, псы тIэкIу къысхуэхьыт», - жиIащ лIыжьым, и къуэрылъху илъэсиплI зи ныбжьым зыхуигъэзари. ЩIалэ цIыкIум, апхуэдэ пщэрылъым нэхъ ин хъуауэ къыфIигъэщIати, гуфIэу икIи псынщIэу къигъэсащ. Дадэм шэджагъуашхэ къыдэзыщIхэми къахуихьащ. «Сыту ужыIэдаIуэ, лIышхуи ухъуа, иджыри зэ къэхьыжыт», - лъэIуащ балигъхэм ящыщ зы. Сабийм: «Псыр ягъэувыIащи къижыркъым, къубгъаным псы итыжкъым», - жиIащ.

* * *

Адэм и къуэм жреIэ: «Улажьэмэ, лыжь пшхынщ, щIалэ».

Къуэм: «Ди адэ, лыщIэр нэхъ гъэныщкIугъуафIэкъэ икIи нэхъ IэфIкъэ? Лыжь щхьэкIэ щхьэ гугъу зебгъэхьын хуей?»

* * *

Анэр йошхыдэ и щIалэ цIыкIу сабий садыр фIыуэ зымылъагъум: «ПсынщIэIуэу унэм ныщIэкI, лэжьапIэм сыкъыкIэрыхумэ, уэ уи ягъэкIэ сыкъыIуагъэкIынущ».

«КхъыIэ, мамэ, сэ сыкъыкIэрыгъэхуи, садикым сыкъыIуегъэгъэкI», - мэлъаIуэ илъэсиплI зи ныбжь быныр.

* * *

«Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ, зэщхьэгъусэхэр гъуэгу тетмэ, ижьырабгъумкIэ щытын хуейр цIыхухъурщ», - жеIэ дерс езыгъэкIуэкI егъэджакIуэм. ЕджакIуэхэм ящыщ зым и Iэр къиIэтри: «Сэ сызэреплъымкIэ, улахуэ нэхъыбэ къэзыхьырщ ижьырабгъумкIэ щытын хуейр. ТIуми къахьыр мащIэмэ е мылэжьэххэмэ, тIури сэмэгурабгъумкIэ щытмэ нэхъ тэмэму къызолъытэ», - жеIэ.

**ШАФИЙ Аслъэн.**



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Бжьыхьэ гупсысэ

Бжьыхьэр мэщхъыщхъ. Мэгупсысэ... Мэпсалъэ... Тхьэмпэр жьым ипхъэнкIыхукIэ, къыщIощыжыр уи теплъэр. Уи нитIыр... Уи плъэкIэр... Бжьыхьэм уи макъыр ецIыху. Нэху щыхукIэ, бжьыхьэр уи макъым щIодэIу. Бжьыхьэм и пшэплъхэр щIыIэщ. Уи псэр зыхъумэ уафэм си гур аргуэру щыIэщ. Сигу щIыIэр. Уи гурщ сигу щIыIэм хуабапIэу иIэр. Бжьыхьэм си щэхур ещIэ... Тхьэмпэ пыщэщыр зи куэщI бжьыхьэм сэ зызогъэщIыр... Сигу хэщIу... Жьыбгъэр къысщхьэщоувэ.

Бжьыхьэр мэгувэ. И тхьэмпэ псыфхэр мывэу... И тхьэмпэ псыфхэр хьэлъэу... СигукIэ зызогъэзахуэ бжьыхьэ дунейм и щIыкIэр. СылъапцIэщ. Бжьыхьэм еIэт и напIэр. Къоплъэри си нэ кугъуэм, сытрешэж и лъагъуэм. СынрикIуэху, услъагъуу!

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ

## ● Сабийхэм папщIэ



### СурэтыщI

**Итщ ди хадэм бжьыхьэр,**
**Жыгхэр кърелэкI.**
**Сэри сыкIэлъохьэр,**
**Къыздэсщтауэ лэч.**
**ИщIэр сфIэдахащэу**

**Бжьыхьэми солъэIу:**
**«Къысхуэгъанэ, дыщэ,**
**Сэри злэну тIэкIу!»**

### Бжьыхьэ

**Жыгым тхьэмпэхэр похуж,**
**Бжьыхьэм ахэр**
**зэхедзыж...**
**Зыр плъыжьыфэщ,**
**Зыр гъуэжьыпсщ,**
**Зыр удзыфэщ,**
**Зыри цIыплъщ...**
**Къэсщыпынщи зы Iэрамэ,**
**Сэ хуэсхьынщ ди**
**унэ мамэ.**

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

## ● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

### Джэш зыдэлъ дэлэн

Джэшыр зэхадз, ялъэсри, псы щIыIэ щIакIэ, мафIэм трагъэувэри, ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ. ИтIанэ шыгъу хадзэри, хьэзыр хъуху ягъавэ.

Джэш вам и псыр щIагъэжри, езыр пщтыру яуб бэлагъкIэ е убалъэкIэ, шыгъу, бурш хьэжа, джэдгын, тхъукIэ гъэлыбжьа бжьын халъхьэ, шатэ тIэкIу хакIэри, псори зэхагъэзэрыхь.

Пщагъэ хэлъу тхьэв япщ. Ягъажьэ лы зыдэлъ дэлэным хуэдэу. Зэпагъэжри хуабэу яшх шатэ и гъусэу.

***Халъхьэхэр:*** Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 500, псыуэ - г 250-рэ, пщагъэу - г 10, джэдыкIэ цIынэу – 1, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***Дэлэным дэлъынур:*** джэшу - г 1000, бжьыныщхьэу - г 200, тхъууэ - г 200, шатэу - г 150-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз; дэлэн жьам щахуэ тхъуцIынэу - г 30.





### Къазмакърэ форэ

Къазмакъым икIри и пэри къыпач, кхъузанэм илъу ятхьэщI, псыр щIэжа нэужь кIэструлым е кхъуэщыным иракIутэ, фIыуэ зэхапIытIэ, фо хакIэри, псори фIыуэ зэIащIэж. Ар банкI гъущэм иралъхьэри, и щхьэр ягъэбыдэж, гъущапIэщIыIэпIэм ягъэув. ЩIакхъуэм телъу яшх, шейм драф.

***Халъхьэхэр:*** къазмакъыу - г 1000, фоуэ - г 1000.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

## ● Гъуэгуанэ тхыгъэ

# Си къуажэжь

Сыщалъхуа къуажэм нобэ сыкIуэжат. Хуабжьу сигу къихьат ди хьэблэр, си адэ-анэм я пщIантIэжьыр.

Хьэблэр щымт. Ди гъунэгъум я нанэ цIыкIур тетIысхьэпIэм тесу къыщыслъагъум, сыгуфIэри занщIэу абы и дежкIэ сунэтIащ. Гум сыкъибэкъукIри, нанэм сыбгъэдыхьащ, быдэу IэплIэ хуэсщIащ, езыми зэуэ сыкъицIыхужри, сыкъимыутIыпщу дызэрыIыгъыу дыщытащ куэдрэ. И Iэпкълъэпкъ цIыкIу хъуар дэсысу ар гъырт кIуэцIкIэ. Быдэу зесшэкIауэ сыщытащ, си нэпс къежэхыр си гуфIакIэм дэлъадэу. Нанэм и ныбжь зыри дэсыжкъым хьэблэм.

КъысIуплъа нэужь, си адэ-анэри, адрейуэ къакъэпщIыпщIу хьэблэ дахащэу зэхэта и ныбжьэгъухэри, псэум хуэдэу, и нэгум къыщIыхьэжа хъунт...

Нэхъыжь зыдэмыс пщIантIэм псымейр къыдех жыхуаIэраащи, дадэ-нанэ здэщымыIэж ди хьэблэр, псы щIэуам хуэдэу, нэщIу икIи нэщхъейуэ зэрыщытыр псэкIэ зыхэсщIэу сыкъежьэжащ...

**БАГЪ Марьям.**

## ● ГушыIэхэр

### Щхьэ укъызэупщIрэ?

Зы махуэ гуэрым пхъэ къишэу Хъуэжэ мэз къикIыжырт. Къуажэм къыдыхьэжауэ зимыIуэху зезыхуэ и цIыхугъэ гуэр къыIущIэри къеупщIащ:

- Уа, Хъуэжэ, дэнэ ущыIа, сыт мы къапшэри? – жиIэри.

- Хьэмым сыщыIауэ хукхъуэ къызошэ, - жриIащ Хъуэжэ.

- АтIэ, уи гум илъыр пхъэи, мэзымкIи укъокIыжри, - къыжриIащ и цIыхугъэм.

- АтIэ, си хэгъэрей, сыкъыздикIыжымрэ къасшэмрэ уэ нэхъыфIу пщIэ пэтрэ, щхьэ укъызэупщIрэ? – жиIэри къежьэжащ Хъуэжэ.

### Сэ мы щIыпIэм сыщыщкъым

Чэф хьэлъэ зыгъуэта удэфаитI дыгъэр зэпаубыдауэ зэныкъуэкъуэрт:

- Мо тлъагъур дыгъэкъым, мазэщ, - жиIэрт зым.

- Мазэкъым, дыгъэщ, - жиIэрт адрейм.

Абыхэм япэмыжыжьэу блэкI пэтрэ, Хъуэжэ къагъэувыIэри къеупщIащ:

- Мо уафэм щытлъагъур дыгъэ хьэмэрэ мазэ? – жаIэри.

- Сэ мы щIыпIэм сыщыщкъым, сщIэркъым, - жиIэри Хъуэжэ и гъуэгу теувэжащ.

**МАХУЭ Iэлисэхь.**

## ● IуэрыIуатэ

# Акъылыншэри лIари зэхуэдэщ

ХьэтIохъущокъуэ Мысострэ Къетыкъуэ Аслъэнбэчрэ зэщыIеящ. Къетыкъуэ Аслъэнбэч лей къытехьауэ къилъытэрти, шу игъэшэсащ, ХьэтIохъущокъуэ Мысост теуэн мурад ищIри. ЩIызэщыIеяр мыхьэнэншэ гуэрт: пщитIым я мэлыхъуэ зэхуилъауэ арат, лъы щIэбгъэжэн хэлътэкъым.

Къетыкъуэ Аслъэнбэч шу игъэшэсауэ щызэхихым, Жэбагъы пщым деж кIуащ, лIы гуп зыщIигъури. Пщым и пщIантIэм дыхьэри, Жэбагъы щIыгъу лIы гупым дыуэ ящIащ. Къетыкъуэ Аслъэнбэч унэм къыщIэкIащ:

- Дыуэ щхьэ фщIырэ? – жери.

- УлIауэ зэхэтхати, дыкъэкIуауэ дыуэ дощI, - жиIащ Жэбагъы.

- СылIарэ сымылIарэ флъагъуркъэ? – игъэщIэгъуащ пщым.

- Акъыл зимыIэж лIыр лIа пэлъытэщ, - жиIащ Жэбагъы. – Мыхьэнэншэ щхьэкIэ лъы щыбгъэжэфынукIэ, акъыл уиIэжкъым.

Пщыр укIытэжри, Iэщэр игъэтIылъыжащ.

# Псалъэзэблэдз

***Къехыу:*** **1.** Бжьэхуц зыдэлъ щIымахуэ щыгъын дыта кIэщI. **2.** Хыумысэу езыр-езыру къэкIыж. **3.** Гъуаплъэм къыхэщIыкIа шыуанышхуэ. **5.** ХьэгъуэлIыгъуэр дэкIыху щауэм егъэщIылIауэ щыт ныбжьэгъу щIалэ. **6.** IэфIыкIэ лIэужьыгъуэ: джэдыкIэрыпщ тхьэвыр цIыкIу-цIыкIуу яупщIатэ, дагъэкIэ ягъажьэри, фокIэ зэкIэрашхэж. **11.** Губгъуэ джэш. **13.** ЗэрыбкIэ тедза тхыгъэхэр зытет, зэкIэрыда напэкIуэцI зыкъом. **14.** Бжьыхь, чий сыт хуэдэхэр щахукIэ чыр зыдадз пхъэ.

***ЕкIуэкIыу:*** **4.** Нэху мащIэ, узрикIуэнур уигъэлъагъу къудейуэ. **7.** Зи лъэнықъуитIри жан, зэрызауэ сэшхуэ. **8.** Пхъэ, гъущI хуэдэхэр зэрызэпах, дзэ цIыкIу куэд зиIэ Iэмэпсымэ. **9.** Зэтедзауэ бостеикIэм къедэкIа щэкI Iыхьэ. **10.** Къуршыпс къабзэхэм хэс бдзэжьей мыин дыдэ, и щIыфIэм IэпапIэ плъыжь хэпхъауэ. **12.** Къамылым ещхь, шэдылъэхэм къыщыкI къэкIыгъэ. **14.** Унэм щыщу унащхьэр зэтезыIыгъэ, пэш-пэшурэ зыгуэш пкъыгъуэ, Iыхьэ. **15.** ФIыуэ шхэ, егъэлеяуэ шхынкIэ зэхуэсакъыж.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ.**




**Жэпуэгъуэм и 22-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***Къехыу:*** **1.** НакIэр. **2.** Мэлым. **5.** Бгъажэмэ. **7.** Егъэбакъуэ. **8.** ЩIэкIэщ. **9.** Мысэр. **13.** КIытэр. **14.** Джыдэр.

***ЕкIуэкIыу:*** **3.** Гуащэр. **4.** Абдж. **6.** Бей. **8.** ЩIэным. **10.** Уасэр. **11.** Мыдэф. **12.** ЗэфIэкI. **14.** Джэлам. **15.** ЩыкIыр. **16.** Фэр. **17.** Мэгъу. **18.** ХьэщIэр.

## ● Псалъэжьхэр

# Нэхъыжь зиIэм унафи иIэщ

**♦Удэхэну фIыщ, угуэкIуэну нэхъыфIыжщ.**
**♦ХамэщI дыщэ кIанэ нэхърэ – хэкужь дэп.**
**♦Унагъуэ умыхъуу къуажэ ухъункъым.**
**♦Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.**
**♦УифI уи къуажэм думыгъэш.**
**♦Уи насып зыхэмылъым дагъуэ къыхубогъуэт.**
**♦IитIкIэ уи Iэр зыубыдыр уи щIыб щопсэлъэж.**
**♦Бзаджэр убзэмэ, зыгуэр хуейщ.**
**Нэхъыжь зиIэм унафи иIэщ.**

# Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

## Гъэ къэс нэхъыбэ мэхъу

*2022 - 2023 гъэ еджэгъуэм адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ хамэ къэралхэм я еджапIэ нэхъыщхьэхэм щаджыну ныбжьыщIэ 30 щIэтIысхьащ.*

*Апхуэдэ Iэмал хэхахэр адыгэ щIэблэм щаIэщ Къайсэр Эрджияс университетымрэ Дюзджэ къэрал университетымрэ.*

*Фигу къэдгъэкIыжынщи, Тыркум щыIэ мы еджапIэ нэхъыщхьэхэм илъэс зыкъом щIауэ адыгэ кафедрэхэр щолажьэ, хэкум икIа адыгэ егъэджакIуэхэм щрагъаджэ. Абы щIэтIысхьэхэм я бжыгъэр гъэ къэс нэхъыбэ зэрыхъум ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Къыщызэlуахагъащlэм цIыху зытхух щIэтIысхьэу щытамэ, мы гъэм зи анэдэлъхубзэр зыджыну гупыж зыщIахэр цIыху 30 ирикъуащ.*

КЪЭБАРТ Мирэ.

# Дохутыр цIэрыIуэ



**Шекерджи (Мамхэгъ) Зэки и адэшхуэр илъэси 160-рэ и пэкIэ хэкум ирахуахэм ящыщщ. Тыркум Iэпхъуа унагъуэм я адыгэ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ лIакъуэ-лIакъуэкIэ зэIэпахыурэ иджырей щIэблэм я деж къахьэсыфащ. Зи адыгагъэр ирипагэу зезыхьэхэм ящыщщ Тыркуми нэгъуэщI къэрал куэдми щыцIэрыIуэ адыгэ щIалэ, дохутыр-нейрохирург, профессор Шекерджи Зэки.**

АБЫ и адэжьыр къыщалъхуар Краснодар крайм хиубыдэ Щхьэщэхуж жылэрщ. Зэрыжаlэжымкlэ, Мамхэгъ Шумахуэ 1889 гъэм Анкара пэмыжыжьэу Iэпхъуауэ щытащ. Абы быниплI къыхуэхъуащ, языр Зэки и адэ Асхьэдт. Асхьэд балигъ хъуа нэужь, Сиюк тырку жылэм щыщ адыгэ пщащэ щхьэгъусэ ищIащ. Зэки и адэ-анэр къуажэм дэст, мэкъумэш Iуэхум хэтт. Езыри къуажэ курыт школым щеджащ, класс нэхъыжьхэм нэса нэужь, Анкара щыIэ лицейм щIэтIысхьащ.

- Унэм дызэрыщыпсалъэр адыгэбзэти, нэгъуэщI бзэ тщIэртэкъым. Школым дыщIэтIысхьа нэужьщ тыркубзэр щызэдгъэщIар. Ди унэбжэр сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами хузэIухат, дыхьэщIэкIуапIэт, - жеIэ Зэки.

ЩIалэр школ нэужьым медицинэ институт щIэтIысхьащ. А зэманым медицинэ IэщIагъэр хуабжьу ягъэлъапIэрт. «Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, зэкъуэшхэм я бынхэм тщыщу цIыхуи 10-р а IэщIагъэм дыхуеджащ. Медицинэм щIэмытIысхьэфарэ, юристхэр щагъэхьэзыр къудамэм кIуэрт, - игу къегъэкIыж Зэки. – Нейрохирургиер ауэ сытми къыхэсхакъым. Сытым дежи сфIэгъэщIэгъуэнт щхьэ куцIым и зэхэлъыкIэр. Ар хущхъуэкIэ, згъэхъуж мыхъуу, операцэ езгъэкIуэкIыныр си дежкIэ хъуэпсапIэ ямылей гуэрт. 1980 гъэм «Анкара» университетым сыщIэтIысхьэри, «Щхьэ куцIымрэ нейрохирургиемрэ» IэщIагъэр зэзгъэгъуэтащ. Си насып кърихьэкIри, сэ сригъэджащ щхьэ куцIым и микрохирургиер къэзыгупсыса, нейрохирург цIэрыIуэ, доктор, профессор Яшаргиль Мэхьмуд Гъэзи».

1983 гъэм университетыр къиухри, лэжьапIэ уващ адыгэ щIалэр.

- Япэ махуэр нобэ хуэдэу сощIэж, - игу къегъэкIыж иджы дохутыр лъэрызехьэ хъуа Зэки. – Си лэжьэгъуэ жэщым техуауэ машинэ зэжьэхэуэм зи щхьэм фэбжь щигъуэта бзылъхугъэр къытхуашащ. Абы щыгъуэ си закъуэ операцэр езгъэкIуэкIащ. Пщащэри псынщIэ дыдэу зэфIэувэжри, щIэкIыжащ. ИужькIэ ар унагъуи ихьащ, сабии игъуэтащ.

Мамхэгъ Зэки Анкара, Истамбыл, Кырыккъалэ, Самсун дэт сымаджэщ нэхъыфIхэм щылэжьащ. Данием, Копенгаген дэт университетым щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щригъэкIуэкIащ. Нобэ Истамбыл Medipol Mega университет клиникэм нейрохирургиемкIэ и къудамэм и унафэщIщ. Абы егъэхъуж сабийхэри балигъхэри. Зэки и Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэ лэжьыгъэу 117-рэ дунейпсо журналхэм къытрадзащ. Абы и лэжьыгъэхэр къагъэсэбэп адрей щIэныгъэлIхэми.

Зи гугъу тщIы адыгэ щIалэр Тыркум НейрохирургиемкIэ щыIэ академием и президентщ. Хирургхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ. Илъэс 40-м щIигъуащ ар и IэнатIэм зэрыпэрытрэ. А зэманым къриубыдэу игу ирилъхьэ псор зэрызригъэхъулIэфымкIэ, и IэщIагъэм зэрыхуэIэзэм и фIыгъэкIэ пщIэшхуэ зыхуащI дохутыр цIэрыIуэ хъуащ. Зэки деж куэдрэ йокIуалIэ Урысейм икIахэри, ди лъэпкъэгъухэри, СНГ-м щым къэралхэм щыщхэри. Зэи зыри игъэщIэхъуркъым, хузэфIэкIымкIэ ядоIэпыкъу.

IэщIагъэ къызэрымыкIуэ зиIэ адыгэ щIалэм макъамэри и хамэкъым. Тыркухэм канун жыхуаIэ макъамэ Iэмэпсымэм йоуэф. ЗэрыжиIэмкIэ, макъамэм и псэм зрегъэгъэпсэху.

Зэки и щхьэгъусэ Сумру тырку бзылъхугъэщ, ари дохутырщ, профессорщ. «Ди унагъуэм щыщу сэ зыращ тырку щхьэгъусэ зыщIар. Си адэ-анэр арэзы къыздэхъури, къызагъэшат», - къыддогуашэ Зэки. ПхъуитI иIэщи, зыр Синэмисщ, адрейр Нэрысщ. Нэхъыжьыр адыгэбзэкIэ мэпсалъэ, нэхъыщIэм зэригъэщIакъым. «Тыркум и къалэ куэдым Адыгэ хасэхэр щолажьэ. Ауэ уэ езыр узэмыгугъужмэ, ахэр сэбэп къыпхуэхъунукъым. ЦIыхум, унагъуэм апхуэдэ жэрдэм иIэрэ къалэну зыхуигъэувыжмэ, дэнэ щIыпIи и бзэмрэ и хабзэмрэ щихъумэфынущ», - жеIэ Зэки.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**






# ЕрыскъыхэмкIэ къэгъэлъэгъуэжа тхыдэ

**Адыгэ шхыныгъуэхэр зэрыт тхылъ екIуР зи IэдакъэщIэкIыр Тыркум щыпсэу адыгэ бзылъхугъэ Щанэ Айчэщ. Тхылъым и теплъэмрэ и лъапIагъымрэ хуэдэщ абы щызэхуэхьэса тхыгъэхэри. Адыгэ шхыныгъуэхэм я пщэфIыкIэмрэ халъхьэхэмрэ нэмыщI, тхылъым сурэт дахэхэр ихуащ. А псоми егугъуу, егупсысауэ, купщIэшхуэ иIэу игъэхьэзыращ хэхэс хъуа и лъэпкъым гууз-лыуз хузиIэ Айчэ.**



ПЩАЩЭ жыджэрым къыджиIащ мыр адыгэ ерыскъым и мызакъуэу, адыгэ тхыдэми зэрытеухуар. Езы Айчэ адыгэхэр нэхъыбэу щызэхэс Кахраманмараш къалэм къыщалъхуащ. Къыщыхъуари адыгэбзэр щагъэшэрыуэ, адыгэ ерыскъыхэр щапщэфI унагъуэ дахэщ.

Мараш щапщэфIхэмрэ и унэм щIэс анэшхуэм игъэхьэзыр ерыскъыхэмрэ зэрызэщхьэщыкIым, ахэр щIызэмыщхьым щызыгъэгъуэзар и анэшхуэрщ. Кахраманмараш къалэм курыт еджапIэр къыщиуха нэужь, пщащэр Анкара дэт университетым лъэпкъыбзэхэр щадж и факультетым щIэтIысхьэри, хьэрыпыбзэм хуеджащ. 2002 гъэм ар къиухри, Иорданием кIуащ, и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну. Абы щыгъуэм Иорданием щыпсэу адыгэ куэди зригъэцIыхуауэ щытащ икIи фIэгъэщIэгъуэну зыщигъэгъуэзащ хьэрыпхэм яхэс и лъэпкъэгъухэм ягъэхьэзыр шхыныгъуэхэр зыхуэдэм.

- Тыркум щыхэхэс адыгэхэм адэжь щIэину къыздахьа ерыскъыхэм я пщэфIыкIэмрэ халъхьэхэмрэ зэхуэсхьэсыжын щIэздзэри, гъэщIэгъуэн куэд къэсщIащ. Тхылъыр зэрыщыту къапщтэмэ, адыгэхэм я щыгъуэ махуэм хуэзгъэпсауэ жыпIэ хъунущ. Абы и напэкIуэцIхэм ит сурэтхэм яхыболъагъуэ зи гугъу сщIыр.

Адыгэхэми нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэми хуабжьу ягу ирихьащ тхылъыр, щIэупщIэ иIэу къыщIэкIри, щэ къыдэзгъэкIын хуей хъуащ. Уеблэмэ тырку телевиденэм срагъэблагъэурэ сытрагъэпсэлъыхь, я пщэфIыкIэр къызогъэлъагъуэ. Мыбы итхэр адыгэ къуажэхэм, хасэхэм щызэхуэсхьэсащ, Иорданием сыщеджати, абы къисхаи яхэтщ. Шхыным и закъуэкъым цIыхухэм я пащхьэ къисхьэну си мурадар, дэ езым ди хабзэ, ди бзэ, ди тхыдэ, ди щэнхабзэ, ди хэку дызэриIэжыр къезгъэщIэну иужь ситащ. А псори хэкум зэрыдагъэбгынам, хамэ къэралхэм си лъэпкъыр зэрыщызэбгрыдзам еспхыжри, сыкъызыхэкIам и къекIуэкIыкIар мыпхуэдэ тхылъкIэ къэсIуэтащ, - жиIащ Айчэ.

Кхъуейжьапхъэ, жэмыкуэ, тхъурыжь, пIастэ, тхьэмщIыгъуныбэ, лыгъур гъэжьа, пIастэ, нэгъуэщI ерыскъы IэфI куэди ихуащ тхылъым, абыхэм хэкум зэрыщапщэфIым хуэдэу къэнэжаи хэхэсхэм щIэуэ зыгуэр зыхалъхьаи яхэтщ.

Зы гъэщIэгъуэн сыщрихьэлIащ тхылъым. Абы бдзэжьейр зэрапщэфIыр зэримытым нэмыщIи, ар адыгэхэм щIафIэмыфIым и щхьэусыгъуэри иритхащ Айчэ. Хуабжьу гуузщ хы ФIыцIэжьым кхъухькIэ зэпраша адыгэхэм я щхьэ крикIуам пщащэр зэрытетхыхьыжыр. Уафэр я тепIэнрэ къумыр я гъуэлъыпIэу хамэщIым ирапхъа адыгэхэм ящыщ куэдым я хьэдэр хым хэс бдзэжьейхэм зэрашхар етхыж пщащэм. Мис а хъыбарри телъыджэ ящохъу тхылъыр зыIэрыхьэ цIыхухэм икIи итхэр яфIэфIу япщэфI.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**





Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ШИРДИЙ Маринэ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.736 • Заказыр №2184

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымыи цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А